ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И І ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№3 (23.411) ● 2017 гъэм щІышылэм (январым) и 12, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А. иригъэкІуэкІащ республикэм и Правительствэм и мыгъэрей яп э зэІущІэ зыубгъуар

Дыгъуасэ КІуэкІуэ Юрий КЪБР-м и Правительствэм 2017 гъэм щызэхэта яп э зэІущІэр иригъэкІуэкІащ. Абы и гугъу щащІащ 2016 гъэм республикэм и социально-экономикэ зыужьныгъэм кІэрикІуэхэм ящыщу зэкІэ наІуэ къэхъуахэм, апхуэдизи илъэсыщІэм къапэщыт къалэн нэхъыщхьэхэр щагъэбелджылащ.

КЪБР-м и Премьер-министр Мусуков Алий зэІущІэм зэрыщыжиІамкІэ, макроэкономикэ бжыгъэ нэхъыщхьэхэм къагъэлъагуэ зэхъуэкІыныгъэфІэкІэ зэрыщІэр. Валовэ щІыналъэ продуктым сом меларди 143-рэ хуэзащ, капитал нэхъыщхьэм инвестицуэ къыхалъхьар сом мелард 36-рэ (блэкІа илъэсым и апхуэдэ лъэхъэнэм елытауэ проценти 109-рэ). КЪБР-м и бюджетым и хэхъуэхэр процентти 104,6-рэ (сом мелард 27-рэ) хъуащ, налогыу, налогым щымыщ зэхъуэхэр сом мелард 12-м (проценти 111,2-рэ) щІигъуащ, социальнэ мыхьэнэ зиІэ Іуэхухэм трагъэкІуэдар процент 66-рэ мэхъу. Мэкъумэш Іэнатіэм къыщалэжьащ сом мелард 45-рэ (2015 гъэм елъытауэ проценти 106,5-рэ) и уасэ. Гъавэрэ джэшхэкІ лІэужьыгъуэу кърахъуІамкІэ зэи къэкІмыхъуІа бжыгъэм нэсыж яхуэзэфІэкІащ - тонн 1 мелуанрэ мини 150-рэ, консерв продукцэу къыщІагъэкІащ банкІ мелуан 260-рэ. Инвестицэ проект ин зыбжанэ яГъэзэщІащ. ЦІыхухэм я лэжьапщІэр и чэзум ираташ, социальнэ Іэнатіэм къащІэщІыта къалэн псори яГъэзэщІащ.

Республикэм и Іэтащхьэм а зыужьныгъэхэм къапыщэным, экономикэм и Іэнатіэ нэхъыщхьэхэм зегъэужьыным, бюджетым и хэхъуэр нэхъыбэ щыныкІэ щыІэ хэкІыпІэхэу налогхэр къыхэхыным рэ нэгъуэщІ къыхэкІыпІэхэмрэ къыхэщІагъэуІуэным хэуэнгъэ къалэнхэр къигъэуващ. «Дэ хэкІыпІэхэр ди мащІэкъым. Зы лъэныкъуэкІэ - инвестицэхэр щыналъэм къешэлІэным, налог зытелъхьэн хуейкэр тэмэму къэлъытэным теухуа лэжьыгъэм пыщэн хуейщ, нэгъуэщІ лъэныкъуэкІэ - бюджет мылъкур зытрагъэкІуадэм, финансхэр къызэрагъэсэбэпым набдзэгубдзаплъэу кІэлъыплъыпхъэщ», - къыхигъэщащ КІуэкІуэ Юрий.

Гъэзэщ1акІуэ властым и органхэмрэ муниципальнэ зэгухьэныгъэхэмрэ къапэщыт къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщу къагъэлъэгъащ: Путин Владимир и «Нарвыгъэ» указхэм щыубзыуахэр гъэзэщІэнхэр, узыншагъэр хъумэн, егъэджэныгъэ Іэнатіэхэм, спорт Іуэхущ1апІэхэм я материально-техникэ лъабжьэр гъэбыдэныр, щэнхабзэмкІэ унэхэр лажьэу утІыпщыныр, «ЭТАНА» промышленнэ комплексымрэ гидрометаллургэ Іуэхущ1апІэщІэмрэ къызэгъэпэщыным, Тырныауз дэт вольфрам-молибден комбинатыр къэгъэщІэрэщІэжьыным пыщІа инвестпроектхэр гъэзэщІэныжьмкІэ яГъуэца пІалъэхэм тетыныр.

Зэпкърыхауэ тепсэлъыхьащ цІыхухэр жьы хъуа, ущыпсэуну шынагъуэ унэхэм къыщІэгъэІэпэчыкІыным, АПК-м къэрал дэІэпыкъуныгъэ игъэтыныр егъэфІэкІуэным, зи ныбжьыр илъэсищ мыхъуа сабийхэр абыхэм щакІэлъыплъ Іуэхущ1апІэхэмкІэ къызэгъэпэщыным, цІыхухэм транспорт Іуэхутхьэбзэу хуащІэр, гъэзугъэм я щытыкІэр егъэфІэкІуэным, кьагъэсэбэпа энергоресурсхэм пэкІуэу зэтрихьа щІыхуэхэр егъэпшыныжьным, иджыпсту агъэсым хуэзэр и чэзум ятыным, тхыдэм и фэеплъэр зэгъэпэщыжьным, республикэм и кьалэхэмрэ щІыналъэхэмрэ зэІузэпэщ щІыным.

Гулъытэ хэха хуащІащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр езым фІэфІу Урысей къэралгъуэм зэрыхьыхьэрэ илъэс 460-рэ зэрырикъур гъэлъапІэным зыхуэгъэзэщІыныкъур гъэлъапІэным зыхуэгъэзэщІыныкъэ а гуфІэгъуэ дауэдащІэкъэр егъэкІуэкІыныкъэ, Экологием и илъэсым ыхьэу ябзыхуэ программкэр гъэзэщІэным.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Гъэсыныпхъэ игъэхъуапІэхэр

«ЩІыуэпс газыр мотор гъэсыныпхъэу къыхэрагъэсэбэпым зегъэужьыным и ІуэхукІэ» Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэмрэ «Газпром-газомотор гъэсыныпхъэ» ООО-мрэ зэращІыпІа зэгурыІуэныгъэм ипкъ иткІэ, «Къэббалъкъщыдагъэгаз» жэуаплъныгъэ зэхэгъэщхьэхуКІа зиІэ обществэм къыщІигъэкІа яп э езырылажьэ газ игъэхъуапІэ станцыр Бахъсэн щІыналъэм щаутІыпщащ. АГНКС-р ISO 9001 къэрал зэхуаку пщалъэхэм кьагъэуІэ псоми кІэлъІасэ икІи ар республикэм и автомобиль газ игъэхъуапІэ компрессор станцэм зегъэужьыным щІэдзапІэ хуэхъунущ.

КЪБР-м Промышленностымрэ сатумкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Дамыгъэ лъапІэхэр яретыж

АДЫГЕЙ. ***Адыгэ Республикэм и Іэтащхьэ ТхьэкІуэшынэ Аслъэнджерий дамыгъэ лъапІэхэр яритыжащ Іэнатіэ зэмыпІэужьыгъуэхэм я лэжьакІуэ 30-м щІигъум.***

УФ-м, АР-м я дамыгъэ лъапІэхэр щаритыжым, ТхьэкІуэшынэ Аслъэнджерий къыхигъэщащ Адыгейм социально-экономикэ зэфІэкІхэмкІэ Урысей Ипщэм и субъектхэм пщІэ зиІэ увыпІэ зэрыщиубыдыр. Апхуэдэ ехъулІэныгъэм хэлъхьэныгъэ хуэзыщІахэмки фІыщІэ яхуищІащ.

«Адыгэ Республикэм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» щІэлъапІэр къыхуагъэфэщащ ди лъахэгъу, Дунейпсо Артийско Комитетым, Урысейм и Лъэпкъ Артийскэ Комитетым я вице-президент Бетыгъуэн Іуэес.

Урысейм еханэ увыпІэр щиІыгъщ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***ЦІыхухэр кхъахэ хъуа псэупІэхэм щІэгъэІэпІэхъуКІыным теухуа программмэр гъэзэщІэныкІэ Урысейм еханэ увыпІэр щиуфыдащ Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм.***

2014 - 2017 гъэхэм ятещІыхьауэ республикэм къыщащта программмэр процентти 145-кІэ яГъэзэщІащ. 2014 - 2015 гъэхэм щІыху 870-рэ къат кУэду зэтет унэ кхъахэхэм щІагъэІэпхъуКІащ. 2015 гъэм фэтэрыщІэхэр ялъысащ унагъуи 100-м. 2016 - 2017 гъэхэм хиубыдэ Іыхьэм Карачаевск къалэ округым дэт унэ кхъахитІым щІыху 43-рэ щІагъэІэпхъуКІащ. Лэжьыгъэм адэкІи пащэнущ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Дунейм щІыхьыбархэр

Нэхъыбэ хъужу хуежьащ

Илъэсыщ1эр къыщІрагъэхьэну, зыщагъэпсэхуну ди щІыхуэхэр хамэ къэралхэм нэхъ щІэхь-щІэхыпхэр КІуэ хъужащ.

Апхуэдэ нэгу зегъэужьыкІэр къыхэзыхьхэр процент 15-м щІигъуКІэ нэхъыбэ хъуащ, нэгъабэ елъытауэ. Апхуэдэу жиІащ Урысейм и туроператорхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ Ломидзе Майе. «Туристхэм Мысырым зыщегъэгъэпсэхуныр къызэрызэдмыгъэпэщыжым и зэранкІэ, хамэ къэралхэм КІуэхэм я бжыгъэм илъэситІ зэкІэлъыкІуэм фІыуэ кІэрыхуурэ къекІуэкІами, иджы щытыкІэм зихъужажащ. НэгъуэщІ щІыналъэхэр зэзыгъэпэлъэгъуну хуейкэр нэхъыбэ хъужу хуежьащ», - жиІащ абы.

ЦІыхухэр нэхъ яфІэфІу здэкІуэр Доминиканскэ Республикэ, Таиланд, Вьетнам, Кипр, Алыдж, Финляндие къэралхэрщ. Апхуэдэуи Израилми урысейхэм ящыщу нэхъыбэ дихьх хъуащ, тенджжы Плъыжьым и Іуфэм тыншу зыщагъэпсэхунымкІэ Іэмалыкфхэр къахуэзыригъэпэщурэ.

Я фейдэ хэлъ къелъытэ

Дунейпсо валютэ фондым и унафэщІым и яп э къуэдзэ Липтон Дэвид жиІащ Африкэмрэ КъуэкІыпІэ Гъунэгъумрэ икІыурэ Европэм щІыху кУэд зэрыІэпхъуэм а къэралхэм я экономикэм фейдэхуэх къыхуихьу.

Абы къызэрыхигъэщамкІэ, Европэ Зэгухьэныгъэм хыхьэ къэралхэм ягъэлэжьэн кУэду ягъуэт икІи абы хэхъуэ хъахуихьи фІэкІа, хэщІыныгъэ къыдэкІуэн хуейкъым. Апхуэдэуи ар а къэралхэм яхуэшыдащ ныкъусаныжь и лъэныкъуэкІэ зыІууэ лъэпощхьэпо, мыхъумыщІагъэ псори Іэпхъуэшапхъуэхэм я зэрану зэрыжьаІэм щхьэкІэ.

Къэралым щыпсэуну къакІуэхэм я фІыгъэкІэ я экономикэм зэрызиужьыр щыжаІауэ щытащ США-м, ауэ абы щыхьэт техъуэ бжыгъэхэр къагъэлъэгъуакъым. Апхуэдэу щытми, Германием, Іэпхъуэшапхъуэ нэхъыбэ дыдэ здэкІуэхэм ящыщ къэралым, жиІащ я бжь щхьэгъэзыпІэ щызыгъуэта дэтхэнэми, фейдэм и пІэкІэ, хэщІыныгъэ къаэзрыхуихьыр. Дэтхэнэ зы щыхуми Германием трегъэкІуадэ абы папщІэ налогыу къратым нэхърэ евро 1800-кІэ нэхъыбэ.

НОБЭ

♦Урысей Федерацэм и прокуратурэм и лэжьакІуэм и махуэщ, 1722 гъэм Пётр Езанэм къэрал органыщІэ - Урысейм и Прокуратурэр - къызэригъэпэщащ. Урысейм и яп э прокурор нэхъыщхьэу агъэуват Ягужинский Павел.

♦1820 гъэм Инджылызым къыщІызэрагъэпэщащ Пащтыхьыгъуэм и астрономие зэгухьэныгъэ.

♦1936 гъэм «Локомотив» спорт зэгухьэныгъэр къызэрагъэпэщащ.

♦1945 гъэм советыдзэхэм Вислэ, Одер псыхэм деж щебгъэрыкІуэн щІадзащ. ЩІышылэм и 12 - мазаем и 3-хэм екІуэкІа а зауэшхуэм мыхьэнэшхуэ иІащ Польшэм фашистыдзэхэр игъэкъэбзыкІыжьынмкІэ.

♦1950 гъэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым кьищтащ Хэкум епцІыжахэм, нэгъуэщІ щІэпхъаджагъэ хьэлъэ зыльжьаХэм я судыр укІиІэ ящІэну хуит зыщІ унафэ. Ди къэралыр абы тетащ 1996 гъэ пщІондэ.

♦1922 гъэм Къэрэшей-Шэрджэс АО-р къэунэхуащ.

♦Франджы тхакІуэ, усакІуэ, дуней псом цІэрыІуэ щыхъуа таурыхъ кУэд зи кьалэмпІэм къыщІэкІа **Перро Шарль** къызэралъхурэ илъэс 389-рэ ирокъу.

♦Совет физик цІэрыІуэ, СССР-м яп э атомнэ бомбэ щызыщІа гупым и унэтІакІуэу щыта **Курчатов Игорь** къызэралъхурэ илъэси 114-рэ ирокъу.

♦Академик, Социалист Лэжьыгъэм тІэнийр и ЛІыхъужь **Королёв Сергей** къызэралъхурэ илъэси 110-рэ ирокъу.

♦Композитор, пианист, дирижёр цІэрыІуэ, СССР-м и цІыхубэ артист **Паулс Раймонд** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.

♦ЦІДАА-м и академик, КъШР-м щыщ жылагъуэ лэжьакІуэ цІэрыІуэ **Уэхъутэ Александр** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.

♦УФ-м щІыхь зиІэ и артисткэ, Урысей Федерацэм и Къэрал саугъэтым и лауреат **Литвиновэ Рэнатэ** и ныбжьыр илъэс 50 ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэу щыщытынущ. ЩІыпІэр махуэм градусиу 3 -1, жэщым градусиу 3 - 1 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Ущысу укъэзымылъагъум утэджкІэ укъилъагъункъым.

● Аруан щІыналъэ

Уху эныгъэщІэхэр

Аруан щІыналъэм уху эныгъэ лэжьыгъэшхуэ щокІуэкІ.

ПСЫНАБЭ къуажэм Щэнхабзэмкі и унэр и лъабжьэм къыщыщІэдзауэ къагъэщІэрэщІэжащ, районым и курыт школитІымрэ сабий садихьмрэ я унащхьэхэр зэрахьуэкІащ. Мы зэманым егугъуПэу зэрагъэпэщыж спорт школу щыта унэжьыр. Абы къыщыщІэуахынущ ныкъусадыкъуагъэ зыбгъадэлъ сабийхэм папщІэ Іуэхущ1апІэ. Мэрзэхъу щауху фельдшеракушер Іуэхущ1апІэри куэд мыщІэу яухынущ. Иджы Аруан щІыналъэм ФАП-у 5 итщ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Гу зылъытапхъэ

«Адыгэ псалъэм» Іэ тевдзэ

«Адыгэ псалъэм» и ныбжьэгъуфІэх!

Илъэс ныкъуэм ныфхуахьыну ди газетым Іэ щІэвдзыну фыхунэмысамэ, иджыри Іэмал фиІэщ ар вгъэзэкІуэжыну.

ЩІышылэм и 28 пщІондэ Іэ щІэвдзмэ, «Адыгэ псалъэр» ныфІэрыхьэнущ мазаем и 1-м къыщыщІэдзауэ.

Мазитхум ди газетым и уасэр сом 554-рэ кІэнІейкІэ 98-рэщ.

Ди индексыр 51531

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и деж щыІэ ЩІалэгъуалэ палатэм щІэуэ (етхуанэ хэхыгъуэу) хахаэр къэщтэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и деж щыІэ ЩІалэгъуалэ палатэм теухуа Положенэм и 4.2-нэ пунктым ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и деж щыІэ ЩІалэгъуалэ палатэм щІэуэ (етхуанэ хэхыгъуэу) хахаэр къэщтэн, мы Унафэм и гуэдзэным зэриты хуэдэу.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщІ ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2016 гъэм щэкІуэгъуэм и 24-м
№569-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и деж щыІэ ЩІалэгъуалэ палатэм хэтхэр къыщыгъэлъэгъуа гуэдзэныр 2-нэ напэм итщ.

Къэсейхьэблэр яп э йощ

Гъэ кІуэм лэжьыгъэ зэфІахам Бахъсэн щІыпІэ администрацэм щыхэплъэжащ. Абы теухуауэ къэпсэлъащ администрацэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащІэ Сыжажэ Хьэсэн.

- 2016 ГЪЭР хьэлъэт, ауэ зэфІэдгъэкІа лэжьыгъэмкІэ дыарэзыщ. 2015 гъэм дгъэбелджылауэ щыта Іуэхухэр и кІэн нэдгъэсащ, мы гъэм къытпэщылъхэр дубзыхуащ, - жиІащ Сыжажэм. - УФ-м и Президентым, КЪБР-м и Іэтащхьэм я Унафэхэм тету районым лэжьыгъэшхэр щрагъэкІуэкІащ. Къыхэзгъэщпхъэщ цІыхухэм я псэуКІэрефІэкІуэн папщІэ щІыналъэм щрагъэкІуэкІа лэжьыгъэр район бюджеткІэ зэрызэфІэтхар.

- 2016 гъэм район бюджет зэхэлъар сом мелуан 995-рэ хъуащ, налог, нэгъуэщІ хэхъуэхэмкІэ кьалэныр проценти 104,3-кІэ дгъэзэщІащ. Улахуэ, коммуналнэ Іуэхутхьэбзэм щІат, налог жьпІэми, районым щІыхуэ темылъу илъэсыщІэм дытехьащ, - къыхигъэщащ унафэщІым.

Республикэм и мэкъумэш лэжьыгъэр нэхъыбэу зытегъэщІар Бахъсэн щІыналъэраци, абы нэгъаби гулъытэ хэха хуащІащ. Районым щІыуэ гектар 82958-рэ еубыд. Хьэцэпэцэу гектар 400 уэлбанэмрэ уэмрэ яхьыжа пэтми, сом меларди 4-рэ къыхэщІэкІа гуэдзрэ хьэрэ кърахьэлІэжащ. Къыхэзгъэщпхъэщ Іэщ зехуэныгъэ ЩІ бахъсэндэсхэм ехъулІэныгъэшхуэ зэралэр - Іэщышхуэм я бжыгъэр 36653-рэ мэхъу. Пы тонн 8916-рэ, шэ тонн мин 55-рэ, джэдыкІэ мелуан 25-рэ кьалэжьащ. Іэщ зехуэным и закъуэ районым хэхъуэу кьиратащ сом меларди 2,5-рэ. Мэкъумэш Іэнатіэм и хэхъуэр сом меларди 4-м нэсащ.

Бахъсэндэсхэм ехъулІэныгъэфІхэр щаІэщ егъэджэныгъэм: егъэджакІуэхэм я улахуэм хагъэхьуащ, илъэси 3-7 ныбжьым ит цІыкІуэхэр зэрыщыту сабий садхэм ягъэджакІуэхэм щІэс ныбжьыщІэхэм я процент 72-м Іэмал яІэщ гугъжей зэхуэмыдэхэм я къуэхьым зыщрагъэужьыну. Сабий зэчиифІэхэм мылъкукІэ зыщІагъакъуэ, школ программэм химмыбыдэу зэджэн хуей тхьилъхэр пщІэншэу ират.

Я ныбжькІэ сабий садхэм кІуэн хуейуэ кьанэхэм папщІэ ХьэтІохъущыкъуей кьуажэмрэ Кубарэ иджыри гуп зырыз зыщыщІэуахащ, Кременчуг-Константиновкэ дэт сабий унэр сабий саду зэрагъэпэщыжащ, Тыжьей сабий сад щаухуащ, щыкІуи 140-рэ щІэхуэну. Псори зэхэту сабий 300 а Іуэхущ1апІэхэм екІуэлІэфрынущ.

Къищынэмыщ1ауэ, 2016 гъэм мэлыжьыхь мазэм екІуэкІащ курыт еджапІэхэм я нэхъыфІ дыдэхэр щызэпеуэ урысейпсо зэхьэзэхуэм и щыналъэ Іыхьэр. Абы яп э увыпІэр къыщихьащ Хьэтіохъущыкъуей кьуажэм и 3-нэ курыт еджапІэм, «Къуажэ школ нэхъыфІ дыдэ» щІэ лъапІэри хуагъэфэщащ.

ЩІыналъэм ехъулІэныгъэфІхэр иІэщ спортымкІи. Псалъэм папщІэ, 2016 гъэм спорт зэхьэзэхуэу 54-рэ ирагъэкІуэкІащ. А псори кьызэзыгъэпэщар Бахъсэн районым и школ 28-м физкультурэмкІэ и егъэджакІуэхэращ. БлэкІа илъэсым кьэриубыдау ягъэхьэзыращ спортсмен 960-рэ, яп э разрядыр ятащ щІыхуэи 9-м, 1-р Урысейм спортымкІэ и мастер хъуащ, Куба кьуажэм ФОК кьыщыкІэзыІуахащ.

ИпэІуэкІэ кьащта унафэхэм тету, Бахъсэн щІыналъэр зыхуэй хуэгъэзэныжьмкІэ лэжьыгъэшхуэ зэфІахащ. Абы сом меларди 3,3-м щІигъу текІуэдащ. Къэпщытэныгъэхэм кьызэрагъэлъэгъуамкІи, районыр адрейхэм нэхърэ нэхъ кьабзэщ, зыхуэй хуэгъэзащ.

Къыхэзгъэщпхъэщ, Къэсейхьэблэ «Республикэм и кьуажэ нэхъыфІ дыдэ» щІэ лъапІэр кьызэрыхагъэфэщар.

ЩІыпІэ самоуправлензм и унафэщІхэм ирагъэжьа Іуэхухэм адэкІи кьыпащэну, я ехъулІэныгъэхэм хагъэхъуэну я мурадщ.

ЧЫЛАР Аринэ,
Бахъсэн щІыпІэ администрацэм и пресс-Іуэхущ1апІэм и унафэщІ.

Гъэсыныпхъэ

Дамыгъэ лъапІэхэр яретыж

АДЫГЕЙ. ***Адыгэ Республикэм и Іэтащхьэ ТхьэкІуэшынэ Аслъэнджерий дамыгъэ лъапІэхэр яритыжащ Іэнатіэ зэмыпІэужьыгъуэхэм я лэжьакІуэ 30-м щІигъум.***

УФ-м, АР-м я дамыгъэ лъапІэхэр щаритыжым, ТхьэкІуэшынэ Аслъэнджерий къыхигъэщащ Адыгейм социально-экономикэ зэфІэкІхэмкІэ Урысей Ипщэм и субъектхэм пщІэ зиІэ увыпІэ зэрыщиубыдыр. Апхуэдэ ехъулІэныгъэм хэлъхьэныгъэ хуэзыщІахэмки фІыщІэ яхуищІащ.

«Адыгэ Республикэм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» щІэлъапІэр къыхуагъэфэщащ ди лъахэгъу, Дунейпсо Артийско Комитетым, Урысейм и Лъэпкъ Артийскэ Комитетым я вице-президент Бетыгъуэн Іуэес.

Урысейм еханэ увыпІэр щиІыгъщ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***ЦІыхухэр кхъахэ хъуа псэупІэхэм щІэгъэІэпІэхъуКІыным теухуа программмэр гъэзэщІэныкІэ Урысейм еханэ увыпІэр щиуфыдащ Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм.***

2014 - 2017 гъэхэм ятещІыхьауэ республикэм къыщащта программмэр процентти 145-кІэ яГъэзэщІащ. 2014 - 2015 гъэхэм щІыху 870-рэ къат кУэду зэтет унэ кхъахэхэм щІагъэІэпхъуКІащ. 2015 гъэм фэтэрыщІэхэр ялъысащ унагъуи 100-м. 2016 - 2017 гъэхэм хиубыдэ Іыхьэм Карачаевск къалэ округым дэт унэ кхъахитІым щІыху 43-рэ щІагъэІэпхъуКІащ. Лэжьыгъэм адэкІи пащэнущ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● КъБР-м и Парламентым

Зыужыныгъэр зэлъытар

КъБР-м и Парламентым и Президиумым хэтхэм я зэлуІэм щытепсэлъихьащ «КъБР-м и экономикэ зыужьыныгъэр 2014 - 2020 гъэхэм ятещІыхьауэ» къэрал программэр гъэзэщІа зэрыхъум.

КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министр **Рахаев Борис** зэлуІэм хэтахэр щыгъуазэ зэрищІамкІэ, 2016 гъэм зи гугъу ящІ Іэхэугъуэхэм республикэ бюджетым зы мелардрэ мелуан 50-рэ хухихащ икІи дыгъэгъазэм и 1-м ирихьэлІэу сом мелуан 823,5-рэ (процент 78,4-р) и уасэ лэжьыгъэ зэфІахащ.

Программэм «Хьэрычэт Іэуху мыинхэм, курытхэм защІэгъэкъуэн» и Іыхьэм щытепсэлъыхьыным, Рахаевым кІэлыкІуэщащ а Іуэхум 2016 гъэм республикэ ахъшэу сом мелуан 78,6-рэ хухахьну тращІыхьауэ зэрыщытар. Дыгъэгъазэм и 20-м ирихьэлІэу къагъэсэбэпащ федеральнэ бюджетым щыщу сом мелуан 53,5-рэ, республикэ ахъшэу сом мелуан 16,7-рэ.

Мы зэманым республикэм хьэрычэтыщІа 24638-рэ щолажьэ, Іуэхущ Іапи мыинрэ курыту 4415-рэ щыІэщ. Хьэрычэт Іуэхущ Іапи зыгъэлажьэхэм ят налог хэхахэмкІэ республикэм кІыхьэхуащ сом мелуан 659,9-рэ.

Къэралым хьэрычэт Іуэху мыинхэмрэ курытхэмрэ защІигъэкъуэн теухуауэ Урысей Федерацэм илъэс къэс щекІуэкІ зэхьэзэхуэм КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм лэжьыгъиплІ щыпхигъэкІащ икІи республикэ бюджетым федеральнэ ахъшэу сом мелуан 56-рэ мин 368-рэ къритащ. Ахъшэр хуауэтыпщащ я Іуэхущ Іапи ирагъэфІэкІуэн мурадкІэ ІэмэпсымэщІэхэр къэзыщэхуахэм трагъэкІуэдам и Іыхьэр етыжьным, хуэздиткІІэ а бжыгъэм хэхъуащ.

«КъБР-м и экономикэ зыужьыныгъэр 2014 - 2020 гъэхэм ятещІыхьауэ» къэрал программэм 2016 гъэм кІыхьагъэхьащ «КъБР-м 2025 гъэ пщІондэ игъэтын хуей социально-экономикэ зыужьыныгъэр» подпрограммэм кІыщІигъэлъэгъуа Іуэхуэр. Ар «КИФЩІ-м и зыужьыныгъэр 2025 гъэ пщІондэ» къэрал программэм щыщщ.

Къэрал программэм щагъэбелджылащ республикэм нэхъ ипэІуэкІэ щаухъэн щыщІадза Іуэхущ Іапи Іэхэр нагъэсыжьыным текІуэдэнур. Абы сом мелуан 641-рэ кІыхьэщІеубыдэ (федеральнэ мылъкуу сом мелуан 587,3-рэ, республикэ бюджетым щыщу сом мелуан 53,8-рэ). Дыгъэгъазэм и 1-м ирихьэлІэу сом мелуан 598,6-р кагъэсэбэпащ.

Къэпсэлъам кІыхьиГэщащ «Инвестицэ щыІэным тезыгъэгушхуэ Іуэхуэр кІыхьэгъэпщынкІэ» Іыхьэр Іуэхущ Іапи щІыгъэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и деж щыІэ ЩІалэгъуалэ палатэм хэтхэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым 2016 гъэм щэкІуэгъуэм и 24-м къыдигъэкІа Унафэ №569-П-П-м и гуэдзэн

Республикэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэр

1. **Андреевэ Илонэ Заур и пхъур** - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм унафэщІу лажьэ и щІыхьэхэм я ассоциацэ» щІыналъэ жылагъуэ зэгухьэныгъэ
2. **АфІэунэ Къантемыр Аслъэн и къуэр** - «Волонтёр центр» Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ жылагъуэ зэгухьэныгъэ
3. **Ашэбокъуэ Дамирэ Арсен и пхъур** - «Нал цІыкІу» сабий-ныбжьыщІэ щэнхабзэ-псапащІэ зэгухьэныгъэ
4. **Ащхъуэт Алинэ Пщымырзэ и пхъур** - сабий ныкъуэдыкъуэхэм я адэ-анэхэм «ГущІэгъу зыхэлъхьэр» я Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ жылагъуэ зэгухьэныгъэ
5. **Джэлэс Исльам Анзор и къуэр** - «Шабзэкlэ нэщанэ еуэныкlэ федераца» Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ жылагъуэ зэгухьэныгъэ
6. **Дэхъушокъуэ Каринэ Заур и пхъур** - «Диа-Лайф» Къэбэрдей-Балъкъэр диабет ассоциацэ» щІыналъэ жылагъуэ зэгухьэныгъэ
7. **Къумыкъу Каринэ Заур и пхъур** - «ЩІалэгъуалэ жэрдэмэхэм я институт» (Къэбэрдей-Балъкъэр жылагъуэ зэгухьэныгъэ
8. **Кучменовэ Мадинэ ТІэхьир и пхъур** - «Кавказ Ищхъэрэм и мэкъумэшыщІэ жьмкІыщІэхэр» коммерцэм пымыщІа щІалэгъуалэ жылагъуэ зэгухьэныгъэ пыгъэхьэхуКІар
9. **Жылэгъащтэ Хьэчим Анатолэ и къуэр** - Адыгэ щІалэгъуалэм я зыужьыныгъэм телажьэ «Шэрджэс Ренессанс» Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ жылагъуэ зэгухьэныгъэ
10. **Сыжажэ Хьэчим Сэрэбий и къуэр** - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и мусЛьмэнхэм я дин Іуэхущ Іапи» дин зэгухьэныгъэ
11. **Созаев Кязим Фидель и къуэр** - узынщагъэм хэсэкъыныпмрэ хабзэ Іуэху еплъыкІэ зэтегъэуэвэнымрэ елэжь «Тегъэщ Іапи» Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ жылагъуэ зэгухьэныгъэ
12. **Хъыжьрокъуэ Миланэ Замир и пхъур** - «Тхыльыр фІыуэ зыльагъуэхэм я зэгухьэныгъэ» Къэбэрдей-Балъкъэр жылагъуэ зэгухьэныгъэ
13. **ЕкъулІэ Къантемыр Леонид и къуэр** - цІыхубэр терроризмэмрэ экстремизмэмрэ ебэныныр къызэІэгъэуІуэным елэжь «Фи унагъуэм мамырыгъэ ирелъ» Къэбэрдей-Балъкъэр жылагъуэ зэгухьэныгъэ.

ЩІыпІэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр, щІалэгъуалэ политикэмкІэ коллегиальнэ чэнджэщэгъуэ органу муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ щІыпІэ унафэр зегъэкІуэнымкІэ я органхэм я деж щыІэхэм я лІыкІуэхэр

1. **ВакъашщІэ Аскэр Владимир и къуэр** - «ДОСААФ» урысейпсо жылагъуэ-къэрал зэгухьэныгъэм и Іуэхущ Іапи Іуэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Дзэлыкъуэ муниципальнэ районым щыІэ
2. **Васютченкэ Викторие Валерий и пхъур** - Прохладнэ къалэ округым и щІыналъэ администрацэм и деж щыІэ щІалэгъуалэ администрацэ
3. **Дышэкl Эльвирэ Чэрим и пхъур** - Бахъсэн муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и деж щыІэ щІалэгъуалэ администрацэ совет
4. **Зеущэ Алёнэ Альберт и пхъур** - Бахъсэн къалэ округым и щІалэгъуалэ совет
5. **Къэгъэзэж Исльам Заур и къуэр** - «Налшык къалэм и щІалэгъуалэм я союз» жылагъуэ зэгухьэныгъэ
6. **КІэдыкІуей Альбинэ Арсен и пхъур** - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Шэджэм районым и щІалэгъуалэм я союз» жылагъуэ зэгухьэныгъэ
7. **Камбэгъыр Анзор Заурбэч и къуэр** - Тэрч районым и «Джулат» жылагъуэ щІалэгъуалэ зэгухьэныгъэ
8. **Мэкъьей Альбинэ Руслан и пхъур** - Лэскэн муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и деж щыІэ щІалэгъуалэ жылагъуэ совет
9. **Мамаев Таупан Борис и къуэр** - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Шэджэм муниципальнэ районым и къуажэ щІалэгъуалэм я союз» жылагъуэ зэгухьэныгъэ
10. **Мусукаевэ Мариям Жэгъэфар и пхъур** - Іуащхьэмахуэ муниципальнэ районым щІыпІэ унафэр зегъэкІуэнымкІэ и советым и деж щыІэ щІалэгъуалэ палатэ
11. **Нэхуч Аслъэнбэч Тимборэ и къуэр** - Налшык къалэ округым и щІыналъэ администрацэм и деж щыІэ щІалэгъуалэ совет
12. **Несыновэ Аннэ Михаил и пхъур** - Май муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и деж щыІэ щІалэгъуалэ жылагъуэ совет
13. **Ульбашевэ Викторие Александр и пхъур** - Прохладнэ муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и деж щыІэ щІалэгъуалэ администрацэ
14. **Шондыр Ахьмэд Маюн и къуэр** - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Аруан районым и щІалэгъуалэм я союз» жылагъуэ зэгухьэныгъэ.

ЕджапІэхэм я студент органхэм я лІыкІуэхэр

1. **Акаевэ Эльмирэ Азрэт и пхъур** - «Бэрбэч Хь. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» профессиональнэ щІэныгъэ нэхъыщІхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет Іуэхущ Іапи и волонтёр центр
2. **Іэрэмысэ Тимур Руслан и къуэр** - «Бэрбэч Хь. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» профессиональнэ щІэныгъэ нэхъыщІхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет Іуэхущ Іапи социальнэ лэжьыгъэмрэ туризмэр къызэгъэпэщынымкІэ и институтым и студентхэм я совет
3. **Гугъуэтыж Ахьмэд Алик и къуэр** - «КІуэкІуэ В. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр аграрнэ университет» профессиональнэ щІэныгъэ нэхъыщІхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет Іуэхущ Іапи управленэмкІэ и институтым и студентхэм я совет
4. **Къущхьэ Инал Роберт и къуэр** - «Бэрбэч Хь. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» профессиональнэ щІэныгъэ нэхъыщІхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет Іуэхущ Іапи и педагогикэ институтым и студентхэм я совет
5. **Мэремкъул Аслъэн Арсен и къуэр** - «Бэрбэч Хь. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» профессиональнэ щІэныгъэ нэхъыщІхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет Іуэхущ Іапи физикэмрэ математикэмкІэ и институтым и студентхэм я совет
6. **Самофаловэ Светланэ Александр и пхъур** - «Бэрбэч Хь. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» профессиональнэ щІэныгъэ нэхъыщІхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет Іуэхущ Іапи и студентхэм я совет
7. **Челикин Артём Тимур и къуэр** - «ГъуазджэмкІэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институт» профессиональнэ щІэныгъэ нэхъыщІхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет Іуэхущ Іапи и студентхэм я совет
8. **Шэрэдж Аслъэн Хьэсэн и къуэр** - «Бэрбэч Хь. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» профессиональнэ щІэныгъэ нэхъыщІхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет Іуэхущ Іапи медицинэмкІэ и факультетым и студентхэм я щІэныгъэ зэгухьэныгъэ
9. **Шыгъушэ Иннэ Руслан и пхъур** - «Бэрбэч Хь. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» профессиональнэ щІэныгъэ нэхъыщІхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет Іуэхущ Іапи правэмкІэ, экономикэмкІэ, финансхэмкІэ и институтым и студентхэм я совет
10. **Етy Хьэжмухьэмэд Хьэрэбий и къуэр** - «Бэрбэч Хь. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» профессиональнэ щІэныгъэ нэхъыщІхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет Іуэхущ Іапи егъэджэныгъэм и фІагъыкІэ студентхэм я комиссэ.

Политикэ партхэм я щІыналъэ къудамэхэм я лІыкІуэхэр

1. **Абазэ Албэч Хьэжмурат и къуэр** - «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэ
2. **Губэщ ІыкІ Борис Іэдэм и къуэр** - «ЩхъуантІэхэр» Урысей экологие партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыІэ и щІыналъэ къудамэ
3. **Кучинэ Марие Александр и пхъур** - «Хэкум и хьумакІуэхэр» урысейпсо политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыІэ и щІыналъэ къудамэ
4. **Іулыдж Диорэ Арсен и пхъур** - «Гражданэ къэрару» урысейпсо политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыІэ и къудамэ
5. **Фіэщмыхъу Рустам Амырхан и къуэр** - «Урысей Федерацэм и Коммунист парт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ къудамэ
6. **Хьэщіэлі Исльам Хьэсэн и къуэр** - «Урысейм и хэкупсэхэр» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэ
7. **Чеченов Исльам Щамил и къуэр** - «Захуагъэ здэщыІэ Урысей» политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыІэ и щІыналъэ къудамэ
8. **Чочаев Щамил Шарабуттин и къуэр** - «ЩхъуантІэхэр - цІыхубэ партым я альянс» политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыІэ и щІыналъэ къудамэ.

● Дзэлыкъуэ щІыналъэ

МурадыфІхэр мащІэкъым

Дзэлыкъуэ щІыналъэр мы илъэсыщІэм фІыкІэ щогугъ.

БЛЭКІА гъэри мыбыхэм яхуэІеякъым. Дзэлыкъуэ щІыналъэм и закъуэ къэштщтащи, 2016 гъэм мыбы кІыщІэзІуахащ фельдшер-акушер Іуэхущ Іапи. Къуажэдэсхэр зыхуеину медицинэ Іуэхутхьабзэхэр дяпэкІэ абы щагъуэтынущ. Дзэлыкъуэм дэс щІалэгъуалэмкІэ мыхьэнэщхуэ иІэщ физкультурэмрэ узынщагъэр егъэфІэкІуэнымкІэ Іуэхущ Іапи Іэм. Абы нэгъабэ лэжьэн щІидзащ.

Жылагъуэдэсхэм я псэукІэр егъэфІэкІуэным теухуауэщ Садовэ уэрамым псыр зэрыдашэнум и проектыр зэрагъэхьэзырар. 2017 гъэм мы Іуэхур зэфІахынущ.

Ухуэныгъэхэм пащэ

Дзэлыкъуэ щІыналъэм ухуэныгъэхэм щыпащэ.

ИДЖЫБЛАГЪЭ яублащ Приречнэм и Партизанскэ уэрамым гъэсыныпхъэ щхъуантІэм ешэлІэным, Шордакъым амбулаторэ дэщІыхьыным, Хьэбэз и псы жапІэхэм екІуалІэу бжьамий пыдзэмрэ псы зэхуэхуэсыпІэкІэр абдеж щыухуэнымрэ япыщІа лэжьыгъэхэр. Мы ухуэныгъэхэр хагъэхьащ «2014 - 2017 гъэхэм кІриубыдэу кІуэжьэхэм ягъуэтын хуей зыужьынныгъэ» къэрал программэм.

ЩІыналъэм апхуэдэу кІыщІохахащ Псынэдахэ кІуэжьэм Щэнхабзэмкlэ унэ дэзыщІыхьыну уухуакІуэхэр, ахэр а Іуэхум мыгувэу пэрыхьэнущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Бахъсэн щІыналъэ

Мылъку хэкІыпІэ

Бахъсэн къалэм и мэкъумэш Іуэхущ Іапи Іэхэр мы гъэми хущІэкъунущ Іэщ бжьыгъэм зэрыхагъэхъуэным.

МЭКЪУМЭШ Іэнатіэхэм псоми зэхэту мы зэманым Іэщ ш ш хуэу мини 8, мэлу мини 6, джэдкъазу мини 165-м щІигъу яІэщ. 2017 гъэм кІриубыдэу лыуэ тонн мини 4-м щІигъу, гъэшу тонн мин 16,5-рэ къалэжьыфыну яхуэ мэгугъэ.

Фермерхэмрэ бэджэндырылажьэхэмрэ я Іуэхур зэрыхъунур кудкІэ елъытащ Іэщ гъэхъуным щІыналъэхэм зыщІегъэубгъуным теухуауэ кІэралым игъэхьэзыра программэхэр къыізэрагъэсэбэп щІыкІэм.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

КупщІафІэу зэдолажьэ

КъБР-м щыІэ МВД-м щекІуэкІащ ведомствэм и Жылагъуэ советым и зэІущІэ.

Абы хэтащ республикэм къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкlэ и министр, полицэм и генерал-лейтенант Ромашкин Игорь, МВД-м унафэщІхэм ядэлэжьынымкІэ и управленэм (УРЛС) и унафэщІ, къэрал кІуэцІ къулыкъум и полковник Гуляев Алексей. КъБР-м щыІэ МВД-м и Жылагъуэ советым хэтхэр.

КъЪІЭХУЭСАХЭМ защыхуигъазэм министрым къыхигъэщащ:

- Зэманым къигъэлъэгъащ Жылагъуэ советхэм мыхьэнэшхуэ зэрэІэр икІи республикэм щыпсэухэмрэ хабзэхъумэ Іэнатіэхэмрэ я зэпыщІэныгъэр нэхъри гъэбдэным зэрыхуэщхьэпэр. Си гугъащ Жылагъуэ советыр зэрылажьэ илъэсхэм республикэм щыпсэухэм абы и мыхьэнэр тэмэму къагурыІуаУэ.

Министрым жиІащ Жылагъуэ советхэр сэбэп зэрыхъур цІыхухэм къэрал кІуэцІ Іэнатіэхэм кІыхуащІ дзэхьыр егъэфІэкІуэным, къэтщІэхъуэ щІэблэр хэкупсэу гъэсэным, цІыхухэм хабзэр ягъэззэщІэным, Урысей МВД-м кІыхьилъхьэ Іуэхуэр зэфІэхэным теухуауэ.

ЗэІущІэм Іуэху гуапэкІэ къыпащащ. Сабийхэм папщІэ ирагъэкІуэкІа «Си адэ-анэр полицэм щолажьэ» сурэтхэмкІэ урысейпсо зэпеуэм и Іыхьэу республикэм къыщыізэрагъэпэща зэхьэзэхуэм къыхэжаныкІахэм гулъытэ хуащІащ. Ведомствэм и лэжьакІуэхэм я сабиитху а зэпеуэм щытекІуати, абыхэм дипломхэмрэ саугъэт лъапІэхэмрэ ираташ.

Адэкlэ МВД-м дэлажьэ Жылагъуэ советым и унафэщІ Балъкъыз Валерэ илъэсищым яхуэзэфІакІам щигъэгъуэзащ зэІущІэм хэтахэр.

- Советыр и къалэным пэлъэщ гупу зэрыубыдащ. Къэтпщытэж пІалъэм дэри, КъБР-м щыІэ МВД-м и щІыналъэ Іэнатіэхэм я жылагъуэ советхэми лэжьыгъэ пыухыкІа едгъэкІуэкІащ хабзэхъумэкэр цІыхум, жылагъуэм, къэралым и хьумакІуэ нэсу зэрыщытыр къэгъэльэгъуэным теухуауэ, - кІыхьигъэщащ Балъкъыызым.

Къызэхуэсахэм фІыщІэ хуащІащ хабзэмрэ мамырыгъэмрэ ди щІыналъэм щыгъэбыдэным ехьэлІауэ республикэм хэращ кІуэцІ Іуэхуэхэмкlэ и органхэм зэфІагъэкІа лэжьыгъэм папщІэ.

Ромашкин Игорь Жылагъуэ советым хэт псоми ведомствэм къыбгъэзэкІ ЩІыхь тхьпІэхэр яритащ икІи фІыщІэ яхуищІащ.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.



Уней лъапсэ щаухъэну щІы Іыхьэхэр зэрагъэш, ар пщІэнщэу къыІахьи папщІэ, цІыхухэр чэзум зэрагъэув щІыкІэм налшыкдэс куэд щІоупщІэ.

- Жылагъуэ организацэ гуэрым Вольнэ Аул хьэблэм щыщу щІы Іыхьэ хуейхэр чэзум игъэуву зэхэсхащ. Сэ бынищым сраадэщи, а чэзум сыуВыну Іэмал сиІэ?

Налшыкдэс **Къ. Анзор**

УпщІэм жэуап ирет Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм псэупІэмкІэ и къудамэм и унафэщІ Тауканец Ольгэ:

- Уней лъапсэ щаухъэн папщІэ, льготэ зиІэ цІыху щхьэхуэхэм щІы Іыхьэхэр яхуэхэзыхыр Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и закъуэщ. НэгъуэщІ Іуэхущ Іапи Іэм ящІ. Мэрием и унафэкІэ, цІыхур чэзум ягъэув. 2011 гъэм щэкІуэгъуэм и 25-м Налшык къалэ округым ЩІыпІэ самоуправленэмкІэ и советым къыдигъэкІа унафэ №432-м ипкъ иткІэ, зи псэупІэр егъэфІэкІуэн хуейуэ льготэ зиІэ мыпхуэдэ жаІэу языныкъуэхэм кърахьэкІ хъыбархэм лъабжьэ лъэпкъ яІэкъым. Абы теухуа тхьпІэхэр зэхуэзыхьэсыр къалэ администрацэм псэупІэмкІэ и къудамэм и закъуэщ (Щоджжэнцыкіум и цІэр зезыхьэ уэрам, 17, 20-нэ пэш).

ЩІы Іыхьэхэр зэрат щыкІэр Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм игъэбелджылащ. ТхьпІхэр (заявленэ) къызэрыгІэрыхьэм тещІыхьауэ чэзур дорбэыху. Мэрием и унафэкІэ, цІыхур чэзум ягъэув. 2011 гъэм щэкІуэгъуэм и 25-м Налшык къалэ округым ЩІыпІэ самоуправленэмкІэ и советым къыдигъэкІа унафэ №432-м ипкъ иткІэ, зи псэупІэр егъэфІэкІуэн хуейуэ льготэ зиІэ мыпхуэдэ цІыху щхьэхуэхэм, щІы Іыхьэ пщІэнщэу зратхэм я учётым ягъэув:

- профессиональнэ щІэныгъэ зиІэ Іэщ Іагъэ Іэхэу пІалъэ гуэрым темыуХуа лэжьыгъэ зэгурыІуэныгъэкІэ, хьэмэрэ илъэситху мынэхъ мащІэ лэжьыгъэ зэгурыІуэныгъэкІэ КъБР-м и къэрал е муниципальнэ организацэхэм щылажьэхэр, уэзышагъэр хьумэным, егъэджэныгъэм, социальнэ Іэхухэм, щэнхабзэм, физкультурэмрэ спортымкІэ я Іэнатіэхэм я Іэщ Іагъэмкlэ щылажьэхэр;

- щІы Іыхьэ къыІахьиу тхьпІэ (заявленэ) зыта зэщхьэгъусэхэм ящІущ зым и ныбжьыр а зэманым илъэс 35-м щІимыгъуа унэгъащІэхэр, апхуэдэу (зришэлІахэри хэту) зы бын, нэхъыбэ зыпІанэу е адэу тхьпІэр щытым ирихьэлІэу илъэс 35-м фІэмыкІахэр;

- сабий ныкъуэдыкъуэ зыпІ цІыхухэр;

- УФ-м ПсэупІэмкІэ и кодексым и 51-нэ статьям ипкъ иткІэ, Урысей Федерацэм и Правительствэм игъэбелджылы узыфэ гъэтІыпІэхэр зыпкърыт цІыхухэр.

ЩІы Іыхьэхэр пщІэнщэу зэрыхупач хабзэм тету, Налшык къалэ округым и щІыналъэм лъапсэ щаухъэн, уней подсобнэ, мэкъумэшыщІэ (фермер) хозяйствэхэр, жыг хадзэкъэр, хадзэхкІэр щІыщІэн, Іэщ щагъэхъун, дачэу къагъэсэбэпын папщІэ, муниципальнэ мылъкум щыщ щІы Іыхьэхэр, апхуэдэу лъапсэ иращІыхьын, уней подсобнэ хозяйствэ щІэзэрахьэн, жыг хадзэкъэкІэ щІыщІэн, хадзэхкІэр щІыщІэн, дачэ хозяйствэу яІыгъын щхьэкІэ, зыбгъэдэлъыр иджыри зэхамыгъэщхьэхукІэ щІы Іыхьэхэр бынищ, нэхъыбэ зиІэ щІыхуэхэм, япІыну сабий къэзыщтэ унагъуэхэм уней ящІэнщэу хуагъэш.

Къата тхьпІхэм ящІ иткІэ, щІы Іыхьэхэр уней ящІэнщэу хуахьынущ:

- лъапсэ щаухъэн, уней подсобнэ хозяйствэ щІэзэрахьэн (унэ щащІну хуиту) е дачэу къагъэсэбэпын папщІэ (псэуапІэхэр, псэупІэ унэхэр щащІну хуиту) щІы Іыхьэхэр ешэн и унэярэ зимыІэхэм;

- щІы Іыхьэхэр унейуэ зратыр илъэсищ ипэкІэ Налшык къалэ округым и щІыналъэм зэпымыуэ щІытхауэ абы щІыпсэу щІыхуэрщ.

Вольнэ Аул «Налшык» совхозым щІыпІэ щІыхэм «Нарт» хьэблэщІэр щыдгъэтІысынущ. Нэгъабэ и пщІондэ лъандэрэ мэрием лэжьыгъэшхуэ иригъэкІуэкІащ, ухуэныгъэр зэрызэкІэлъахьыну щІыкІэм и схемэр иубзыхуащ. Гъунапкъэхэр игъэбелджылыри, ящІ чэзум хьыхь щІы Іыхьэхэр кадастр учётым игъуващ. Илъэс кІуам мэкъуэгъуэгъуэм и 1-м ирихьэлІэу льготэ зиІэ щІы щхьэхуэхэм щІы Іыхьэ 72-рэ хуагъэшащ.

Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и пресс-Іуэхущ Іапи.

ЩІы Іыхьэ къызэрыІах щІыкІэр

● УпщІэ - жэуап

Экономикэ Политикэ

Махуэрэ

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

Революцэмрэ ахъшэмрэ

Дэнэт большевикхэм мылъку къыздрахыр?

Октябрь революцэр лъапІэу щытащ: фэтэрхэр къащтэн, газетхэр къыдэгъэкІын, парт унафэщІхэр Іыгъын, а псоми кьадэкІуэу Гвардие плъыжьым хэтхэм улахуэ етын хуейт.

Залымыгъэ пэлъытэт

Февраль революцэр къэхъун ипэкІэ большевикхэм я кассэм иІар сом миным зы тІэкІыкІэ щІигъу къудейщ - властыр бубыдын щхьэкІэ ауэ жыжьэуи урикъунутэкъым. Партым хэтхэм икиу ту взносу Іахьир зы сомрэ ныкъуэрэт, езы партри зэрыхъэр щІыху мин 14 - 25-рэ хуэдизт. РСДРП (б)-м и щІыпІэ комитетхэм я отчётхэу советыр лъэхъэнэм кьыргъадзэхэм къэзэрыщІигъэлъэгъуамкІэ, взносхэр зэрыхъур абыхэм я хэхъуэхэм я процентым 10-ми щІигъуртэкъым. Арщхьэкіэ мэлыжьыхь мазэм зэуэ гаэт 17 махуэ къэс къыдагъэкІыу щІадзащ, псори зэхэту я тиражкр мин 320-рэ хуэдизт. Петроградрэ Москварэ Гвардие плъыжь къыщІэзрагъэпэщащ ищхъэрэ кьалащхэм заузлІ мин 20, Москва - мини 10 хэту. Абыхэм ящыщу дэтхэнэми зы жэщ-махуэм сом 14 иратырт. Дэнэу пІэрэт апхуэдиз ахъшэр къыздрахар?

Нэхъапэм цІэрыІуэу щымыта партым и зэфІэкІым псынщІэу зэрыхъэхъуэм япэщІыкІэ щэч ригъэщІащ Урысейр илъэсищ хъуауэ зэзаауэ Германием ахъшэ кьиКІыу. Иужькіэ ардыдэмкІэ нахуэу ягъэхъэншащ. «Большевикхэм я напэр тезых тхьилъхэр франджы тІасхъэщІэхъэм ПІалъэкІэ щыІэ правительствэм къыкІэщІидзат, - жеІэ тхыдэдж Спицын Евгений, - ауэ абы ахъшэ къызэрикІым щыхьэт техъуэ хуэдэу прапорщик Ермоленкэ зэригъэпэща тхьилъхэр зэрынэпцІыр белджылы хъуакІэт 1917 гъэм. Пэжщ, къадэІэпыкъурт американ банкирхэр, ауэ а ахъшэр большевикхэм я деж къыщысар 1917 гъэм и бжьыхьэрщ - ар япэщІыкІэ зыІэрыхьар а зэманым большевикыу щымыта Троцкэрт».

1917 гъэм и гъатхэзэм аргуэрру зи чэзу ахъшэкІэ большевикхэр игъэгуфІащ пролетар тхакІуэ къулей Горький Максим, парт кассэм зэуэ сом минищ хэзылъхьам. «Революциті зэхуакум партыр нэхъыбэу зэрылэжьар цІыху щхьэхуэхэм къабгъэдэкІ мылькуращ, - пещэ Спицын Евгений. - Рабочэхэм, нэхъ хуэмыщІа цІыхухэм я деж ахъшэ щІэзэхуахьэсыр. АхъшэкІэ кьаХуэупсэрт къулейкэм ящыщхэри». ИужьыІуэкІэ большевик Красин Леонид итхьжащ «революцэ партхэм ахъшэ яхуэхъуэхьэсынкІэ куэдым я деж кІэ хабзэфІу уваУэ зэрыщытар». Мазэ къэс дэтхэнэми кьІахырт сом 5-м къыщыщІэдзауэ тумэни 2-рэ сомі 5-м нэс (зы илъэсым сом щищ хуэдизі хъурт). Ахъшэ зытхэм яхэтт уэчыл, инженер, дохутыр цІэрыІуэхэм я мызакъуэу, банкхэм я унафэщІхэри кулыкъущІэхэри. Большевикхэр рабочэ, сэлэт депутатхэм я советхэм яхьихьа, нэгъуэщІу жьіпІэмэ, властыр зыІэщІэлъхэм ящыщ хъуа иужькІэ, ахъшэр уэру къыкъэхІащ...

Парвуси къэунэхуат

Тхыдэдж куэдым зэрыжаІэмкІэ, нэмыщІ ахъшэхэм ятеухуауэ ягъэхъыбархэри кьыумыдзащу хъунукъым. Мис а нэмыцхэм Урысейр ягъэлъэлъэн мурадкІэ ахъшэ кьаутІыпщу зэрыщытам, большевикхэм абыхэм ящыщ Іыхьэ зэраІэрыхьам хуэгъэзахэр. Шэч кьызэтумыхьэнщ Урысейм и цІыхуу ябжа, нэмыцэ социал-демократ Гельфанд Александр («Парвус»-щ зэрэдежэр) нэмыцэ дипломатхэм урыс пащтыкІыр традзыну ящыгъэльагъуэу зэрыщытар. Абы папщІэ, дауи, ахъшэ хууейт. КІыхьу зэпсэлъахэщ. Парвус кІуэ пэтми иригъэлейрт: япэщІыкІэ дыщэ маркэ мелуани 2, итІанэ мелуани 5, иужькІэ мелуан 70 (иджыпрей ахъшэмкІэ зэрыззэкІэтыкІыкІуэм хуэдэу доллар мелуан 28-рэ, мелуан 70, мелуан 980-рэ хуэдизі хъурт) иратыну яхуигъэващ. Сыт хуэдэ Іэмал хуемыкІуами, абы хузэфІэкІащ нэмыцэхэм ахъшэ гъэрэкІ зэратриудын. Тхыдэдж Зубов Андрей кьелыытэ властыр 1916 гъэм традзыну я мурадауэ.

Апхуэдэу наІуэщ Парвус Швейцариям кІуэуэ Ленин Владимир хуэзауэ зэрыщытар. Арщхьэкіэ абы хуабжьу сакъ вождыр кьыхуэгъэдэІуакъым. Ауэ, хуагъэфащэ, Февраль революцэм и ужькІэ Лениныи и Іуэху елпыкІэм зихьужьауэ. Пэжщ, мыбдеж зи гугъу тщІы щыхъунур нэмыцэхэм правительствэм и бийуэ щыІэ урысей зэгугъэныгъэ псори (большевикхэри, меньшевикхэри, эсерхэри, лъэпкъкІэ мыурыс националистхэри, н.къ.) ахъшэкІэ кьызэгъэпэщыныр. Абы щыгъуэми, «псоми» яхуэзэу кьратар маркэ мелуани 5-м щІигъуртэкъым (а ахъшэм щыщ куэди Парвус и жыпым икІуэдат). ЩІхьэусыгъуэр кьызэрыгъэкІыр: 1915 гъэм Германием ерыскъыр кьащтэмэщІакІ хъуащ, 1917 гъэм гъаблэ кьыщыщхьеящ. ЭкономикэмкІэ школ нэхъыщхьэм и профессор Будницкий Олег зэрыжиІэмкІэ, «Большевикхэм нэмыцэ ахъшэр къаззрыІэрыхьам щыхьэт техъуэ тхьилъхэм тхыдэджхэр щыгъуазэкъым икІи абы и пэжыпІэр зыми зэи кьыхуэхутэнукъым. Большевикхэр цІыху губзыгъэт икІи псори щІаУфэфырт».

ПцІым зыдедгъэхьэхынкъым

Октябрь революцэр ахъшэкІэ кьызэрызэрагъэпэщам теухуауэ кьаІуатэхэр апхуэдизкІэ лъабжьэнэщи, языныкъуэ Іэщ1агъэлІхэм яфІэтелъыджащ ахъшэр кьезытар Антантэр ара хуэдэу ягъэхьабархэр. Абы щыгъуэми, псори щыгъуаззщ большевикхэр япэ дунейпсо зауэм Урысейр щыхагъэщІэным быдэу и телъхьэу зэрыщытам, Брест мамыр зэгурыІуэныгъэу захуагъэ зыхэмылъыр Германием зэрыращІылІам. «Апхуэдэ дыдэу делагъэ дыдэщ большевикэр старообрядцхэм даІыгъа хуэдэу ягъэІу шыпсэхэр, - жеІэ тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор Керов Валерий. - А дин къудамэм тет Морозов Саввэ хуэдэхэри социал-демократхэм зэраакъылэгъур лэжьакІуэхэм егъэщІылІа Іуэхум я закъуэт, адрейхэр пащтыхьым и телъхьэт.

Революцэр илъэсищ щрикъум ирихьэлІэу дунейм кьытехьэну кьыщІэкІынущ тхыдэр зэзыхьэкІыну хуІэкъуэ тхыгъэ куэдыкІей. Апхуэдэ хьэбгъэхъуэ зэрымыхьунум щытепсэлъихьауэ щытащ ШІынагъэншащъэмкІэ Советым и зэІущІэм. Къэралым идэн хуейкъым езым и тхыдэм ехьэлІа мыхьэнэ ин дыдэ зиІэ Іуэхуэхэр пцІыкІэ щІахъумэу.

ЧЕБОТАРЁВ Алексей.
«Аргументы и факты»

Іэпхъуэшапхъуэхэр

Щхьэж и унэ бжэн лъакъуэ

Урысейр лэжьакІуэхэм хуэныкъуэми, къакІуэ-накІуэхэм я бжыгъэм, ахэр зыхуэдэм зыгуэр кІэлъыплъын хуейщ

- Евразие экономикэ зэгухьэныгъэр къызэрызэрагъэпэщар тэмэмщ, - жеІэ Урысейм и Президентым и экономикэхэр игъэлъэщынущ: да дыхуейщ ди Іэдакъэщ1экІэхэр щидгъэкІыну щынальэхэм. Арщхьэкіэ Къыргъызыр ЕАЭС-м зэрыхагъэхьар щыуагъэу къызолъытэ. А къэралым и деж1э а лъэбакъуэр щыту къыщІэкІынущ и щхьэр къызэрыригъэлІэмалу. Арщхьэкіэ къыргъыз экономикэм и Іыхьэшхуэ хьэжьвакъэжьышхэм зэщІаубыдащ, шынагъуэ щыІэщ абыкІэ хэтыпшыпхэр да деж щахуу къэрагъэшэнкІэ. Къыргъызым дыдэІэпыкъу хъунут ар ЕАЭС-м хэмытами.

АУЭ Іуэхур здэщыІэр Къыргъызым и закъуэкъым. Азие Курытым худиІэ гъунапкъэр зэрызэІухам щыагъуэ инхэр къыхокІ. ЦІыхухэр зэрыпэнщІу къызэрыкІуэм лэжьапІэ ІэнатІэр нэхъ гугъу ещІ. Абыхэм уз зэрыцІапІэхэр къыздахьынкІи зыхуэІуа щыІэкъым. Псом нэхърэ нэхъыкІэжьыр щІэпхъаджагъэхэм хагъэхъуэнкІэ, щІалэгъуалэр дин пхэнж трашэнкІэ зэрыхъунурщ. Игъуэ хъуащ къыдгурыІуэну: лэжьакІуэхэр визэкІэ къедгъэблагъэн хуейщ. Ар зи пщэ дэлъынри лэжьапІэ езытхэрщ. Ди гъунэгъуэхэр къыштщІеинкІэ дрышынэрэ? Ауэ, арыншами, Узбекистаныр хэтыхэхъуакъым зы интеграцэ проектиі УФ-м Таджикистаным щІэ дзэ базэр дэ щыІнальэм и шынагъуэншагъэр хъумэныи хуэтщІа хэлъхьэныгъэщ, абы ирисондэджэру ддэн хуейкъым.

Сомкіэ ятекъуэзн

Евразие экономикэ зэгухьэныгъэр къызэрагъэпэща иужьщ ди къэралым хуит ямыщІауэ къакІуэхэм я бжыгъэм щыхэхъуар.

«ЕАЭС-м теухуа зэгурыІуэныгъэм и 97-нэ, 98-нэ статьяхэм япкъ иткІэ, абы хэт къэралхэм льготэ зыбжанэ яІэ хъуащ. Псалъэм папщІэ, ахэр хуейкъым патент е лэжьэну хуит зыщІ тхылъ, - жеІэ юрист Козлов Фёдор. - Абдежми къыщынэркъым! Урысейр ЕАЭС-м зэрыхэтым егъэкІуэдыж ди деж лэжьакІуэ къакІуэхэм я бжыгъэр зыубзыху квотэхэри». Абы къыхэкІыу лэжьакІуэхэр щхъуу къэзышэхэм япэщІэтын хуейщ, къэзгъэзыжкІ зэуэкІ зыгъэхьэкІ. Ауэ ятІыгуэхэм (а къэралхэм Австралием и правительствэм ахъшэ Іах, хамэхэм хэщІапІэ зэрырятым къыхэкІыу) ягъэкІуэ. Абы щыгъуэми, Австралиер къэрал зэхуэщІуэ къэпплъытэ хъунукъым: абы щопсэу иджыпрей жылагъуэ зызыужьа. Ауэ ар апхуэдэуи къэнэжьыну хуейщ, аращ зэмыджа хьэщІэхэр щІимыдэрэ. Мы Іуэхум Европэм и деж1э мыхьэнэшхуэ иІэщ. Ауэ абы дерс къыхихыну Урысейм? Абы жэуап езытыныр зэманырщ.

«Аргументы и факты».

Псэукіэ

Дапщэщ дыщыкъулеяр?

1989 - 2016 гъэхэм процент 70-кІэ заІэтащ урысейхэм белджылыуэ яІэрыхьэ хэхъуэхэм, щыжаІащ Реконструкцэмрэ зыужьыныгъэмкІэ европей банкым. Арщхьэкіэ ди цІыхухэм я процент 13-м я деж ахэр щехуэхащ. Сытым щыгъуэ ди къэралым псэукІэфІ щыщыІар?

Пащтыхьым и зэманми щІэгъуакъым

- Мы зэманым куэдрэ щотхъу пащтыхьым и лъэхъэнэм Урысейм экономикэм къыщыхъу щыта екъулІэныгъэхэм. Пэжщ, XIX лІэщІыгъуэм Урысейм зыгуэрхэр кьулейуэ щыпсэуащ. Кьалдэзс хуэщІахэр (псоми я проценти 10 - 15-р) тхьэкьыпрт, европейхэм яхуэдэ дыдэу зыхуейр ягъэзытырт. Ауэ, адрей кьалдэзсхэм (затуущІ жьгъейхэм, интеллигенцэм щыщхэм, рабочэхэм) я псэукІэр хуэдиі 3 - 4-кІэ нэхъыкІэт. Гуп «дыгъэлпхэр» гъащІэм екъулІэрт, зи бжыгъэр процент 84-м щІигъу къуажэдзс лэжьакІуэбэр сыт и лъэныкъуэкІи зэрыдакъуэзм и хьэкъкІэ. Арщхьэкіэ, иджыри хуэдэу, ягъэрей Урысейми псом нэхърэ щынэхъыкІэр щыхуэхэр зэрыкъулейсызэрыгъэкІыр. Къулейкэм я процентти 10-м яІэрыхьэ хэхъуэхэри ябгъэдэлъ фІыгъуэ псори хуэдипщІ куэдкІэ нэхъыбэт къулейсызхэм ялъысым нэхърэ.

ИтІани, 1917 гъэм революцэ къэмыхъуамэ, дунейпсо зауитІ щымыІамэ, 1914 гъэм и кІэм щІыху мелуани 167,7-рэ зыщІэпсэуа Урысейм иджы а бжыгъэр мелуан 357,5-м щынэсынут. Аращ абыхэм кьытхуашар.

Советхэм я лъэхъэнэр

Урысейм псэукІэ нэхъыфІ щыщыІар блэкІа лІэщІыгъуэм и 60 - 80 гъэхэщ, совет лъэхъэнэрщ. А зэманым хэхъуэхэм псынщІэу икІи лъагэу (зы илъэсым проценти 10-м нэскІэ) заІэтырт, уасэхэр, налогхэр, ЖКХ-м иратхэр, нэгъуэщІхэр ехъэхырт. Къэунэхуа жылагъуэ фонд лъэщхэм я ФІыгъэкІэ, льготэ зэмылІэужьыгъуэхэр къагъэсэбэпурэ, щхьэхуэм я Іыхьэ щанэм зыхуейзыхуэфІхэр зэтрауэхуэрт. Мис а илъэсхэщ совет щІыхуэхэр зэхуэдэу икІи пщІэншэу егъэджэныгъэм, узынщагъэр зэхуэмрэм, щэнхабзэм я Іэнатіэхэм щалъэІэсаг, лэжьапІэншагъэм, сабий кІэрыутІыпщыныгъэм зэи къамыгъэзэжыну (апхуэдэу хъуну ди гугъащ) кІэ щагъуэтар. ЩІэныгъэншагъэр емыкІу дыдэу къалъытэрт. ИкІэм-икІэжьым, мис а илъэсхэрщ паспортыншэ къуэжьдэсхэри яхэту цІыху псоми хуитныгъэ нэхъыщхьэхэр щалъысар. А псоми я фІыгъэкІэ, ди къэралым щызэфІэуващ совет псэукІэ щхьэхуэ, езым и щэнхабзэ, я щхьэм хуащІыж пщІэр. Ди цІыхухэм къалъытэрт я гуащІэкІэ къалажьэным ирипсэун хуейщ.

ПцІы хэлъхьам кьулыкъу зыІыгъхэм СССР-м ефІэкІыныгъэ гъэрхэр зэрыщІалам, цІыхухэм сондэджэрхэри, хьэжьвакъэжьышхэри, дыгъэкІуэхэри, Іулъхьэ кьеІызыхэри, бюрократхэри, зи Іыхьлыхэр зыгъэкІуатхэри зэрахэтам. Дауи, я кууагъкІэ ар иджыйрей зэманым пхуемыгъэпщэнуми, кІуэтэхукІэ апхуэдэ нэщэнэхэм ГъэгУ ягъэуту хуежьащ. Псом нэхърэ нэхъыщхьэращи, экономикэ зыужьыныгъэм жагъын кьыщтащ. Апхуэдэ щІыкІэкІэ совет псэукІэм и ефІэкІыныгъэхэр абы и фащэ пропагандэ гъэщІэрэщІам емызэгъашэ хъуащ. Аращ СССР-р лъэлъэжьыным нэхъ щхьэусыгъуэ бзаджэ хуэхъуар.

Иджы-щэ?

Мы зэманым цІыхухэм я хэхъуэхэм кІэроху, уасэхэмрэ налогхэмрэ, коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэм щІатхэм заІэт. Аращи, кьулейкэр нэхъ кьулеиж, кьулейсызхэр нэхъ кьулейсызыж мэхъу.

Да совет лъэхъэнэм ди псэукІам щыщу тфІэкІуэдахэм я нэхъ лъапІэ дыдэщ пщІэнэщу дыдэу щыта егъэджэныгъэмрэ узынщагъэр хъумэнымрэ я Іэнатіэхэр зэрыдимыІэжыр. Сабий садэхэмрэ санаторэхэмрэ сом бжыгъэ тІэкІыкІэ зэфІэкІыкІрт, ЖКХ-м хуэтшиишхуэ щІыІэтэхъым, цІыхухэм яхуэфащэн пенсэ иратырт, ныкъуэдыкъуэхэр зыхуеинухэмкІэ кьызэгъэпэщат. Ауэ аргуэру къуэнэжужащ лэжьапІэншагъэр, факъырэхэр.

ПсэукІэфІым кьытхуегъэгъэзэжыну? Ар яхуэзфІэкІынукъым Іулъхьэ къеІыхьыныр, гъэпцІагъэкІэахъшэ зыІэрагъэхъэныр кьызэпамыдыу, налогхэр ямыгъэмащІэу. Абыхэм я закъуэ я хьэкъкІэ къэралым мы зэманым зэпэубыда и бюджетыр заищІэу процент 65 - 70-кІэ ягъэнщІыфІынут икІи, зорыгурыІуэгъуэщи, цІыху псоми я псэукІэр процент 40 - 50-кІэ къаІэтыфынут. ЕгъэджакІуэхэм, дохутырхэм, еджагъэшхуэхэм, зи жагъуэ ящІ нэгъуэщІхэм я улахуэзкэрэ пенсэхэмрэ хуэдэ зыбжанэкІэ кьызэраІэтри абыхэм яхэту. Ар зрагъэхъулІэфынущ пІалъэ кІэщІкІэ къэлъэлъэжьну фирмэ нэпцІхэр ямыгъэдыгъуэмэ, офшорхэм мылъкушхуэ ящэнфэр къызэпаудмэ. Экономикэр зэрызэрагъэкІуэ хьэгъэщагъэ Іэмалхэр яІэщІэхьи хуейщ. Абыхэм я зэранкІэ къэралым кьыІэрыхьэрхэм кьыІэрыхьэн хуей хэхъуэхэм я зэхуэдитІым нэсыр (!). Налогыу ятыр хэхъуэу яІэрыхьэр зыхуэдизым елъытауэ щытын, пщІэншэщхэмрэ зыхэпсэуныр мыльдежьлы цІыухэмрэ налог тралъхьэн хуейщ. Кьулейсызхэр дэІыгъыным теухуа закон къамыщтэу хъунукъым. Ди дыхуейкъым Урысейм и цІыухэр факъырэну.

СИММЕРЭ Василий,
экономикэ щІэныгъэхэм я доктор.

Лэпхъуэ еплъыкІэ

Зыри къикІынутэкъым

Революцэм кьытхуигъэна щэхуэхэм ящыщ зыщ мыр: сыт къалэдэс лэжьакІуэбэмрэ мэкъумэшыщІэ щІэныгъэншэхэмрэ зэуэкІэм сыт и лъэныкъуэкІи хуагъэса офицер акъылыфІэхэр зыхэт хужь зэщІэхъееныгъэр хагъэщІэныр къызыхэкІар?

ХУЖЬХЭР Іэщ1агъэлІт, ауэ плъыжьхэм я гъэзэгугъэлъагъуэхэри Іуэхум куууэ хэзыщІыкІ офицерхэт.

Пэжщ, япэщІыкІэ Лениниі Троцкэми офицерхэр ягъэпудырт, ягъэтІысырт. Арщхьэкіэ генерал Корниловыи и дзэр Псыжь и лъэныкъуэкІэ зекІуэ зэрэжьэу большевик Іэтащ1эхэм я Іуэху бгъэдыхьэкІэм зихъуэжащ, плъыжьыдзэ къызэрагъэпэщу хуежьащ. Абы хагъэхьэрт пащтыхьым къулыкъу хуэзыщІа офицерхэри. Арати, урысеидзэм щыщ зы Іыхьэр адрейм пэщІэуващ. Арыншамэ, генералхэу Корниловы, Марков, Дроздов сымэ я дивизие лъэщхэм зыкъэзыІэта мэкъумэшыщІэхэр зэхаІытІэнут.

Арщхьэкіэ, политикэ и лъэныкъуэкІэ Іуэхум убгъэдыхьэмэ, хужьхэм я зэщІэхьееныгъэр зэрызэтещэхэнур гурыІуэгъуэт. Корниловри, Деникинри, Колчаки зэи политикыу щытакъым. Абыхэм зэхалъхьэфакъым программэ гурыІуэгъуэ, цІыхухэр къыдашэхьафакъым. Ленинри гупсысакІуэ акъылыфІэ дыдэт. Абы зэкъуэгъуэзэфащ цІыхухэр зэрыхьэрыкІэ, апхуэдизкІэ жьакІуэти, Троцкэм хуэзэфІэкІырт къыщыпсалъэкІэ езым и жагъуэгъуэхэри и телъхьэ къыщІыну. ФинансхэмкІэ цІыхубэ комиссар Скворцов-Степановырт Маркс и «Капитал-р» нэхъыфІ дыдэу зэзыдзэкІар. Дзержинскэр зэзыхъуэкІэ Менжинскэм хамэ къэралыбзэ 17 ищІэрт. Дипломат Чичеринрыр дэтхэнэ европей къэралми щыпсэлъэфынут абы щызекІуэ бзэмкІэ. ЕгъэджэныгъэмкІэ хуэгъэзахэмкІэ зэрахъуэкІыр, зэпыщІэныгъэхэм хуэгъэзахэмкІэ зэрахъуэкІыр, - жиІащ УФ-м и Президентым и пресс-секретарь Песков Дмитрий докладым теухуауэ.

Николай ЕтІуанэр, хуабжьу ди жагъуэ зэрыкъуэнщи, къыпэщыт гъэунэхуныгъэхэм зыкІи хуэхъэзыртэкъым: унагъуэлІт, зэпІэзэрыпт. Ауэ апхуэдэ цІыхум империер къыхуегъэлэнутэкъым. Арати, революцэм щыщІидзэм ар зэрируихыр белджылыт.

ГАСПАРЯН Армен,
тхыдэдж, тхакІуэ.
«Комсомольская правда»

Къаугъэ

ПцІым къакъуэ щІэту пэрэ?

Америкэм и Штат Зэгуэтхэм, нэхъапэми хуэдэу, я фІэщ хъууэ пІэрэ я тхьэмыщкІагъэ псори «урыс хакерхэм» я зэрану?

ИЛЪЭСЫЩІЭМ ипэ къихуэзу Обамэ Барак Урысейм санкцІэхэр кьыхуигъэуващ: США-м къэрагъэкІащ дипломат 35-рэ. Апхуэдэ тезырыр яІэзэщ технологие лъагэхэм я Іэнатіэм щылажьэ компаниехэм, апхуэдэу ФСБ-м, ГРУ-м я лэжьакІуэхэм, хакеритІым. Ахэр ягъэхъуаншэ киберметикэ Іэмалхэмкіэ США-м и демократ партым и штабым ебгъэрыкІауэ. «ФІэщхьуныгъэ куур я лъабжьэу» щэхурылажьэ Іуэхущ1апІэхэм жаІэ: УФ-м и властхэр хущІэхъуащ жылагъуэр демократием пигъэкІуэтыну, Клинтон Хиллари хэутэн ящІыну. Мыбдежьм тегъэщІапІэ щащІ США-м щеКІуэкІ хэхыныгъэхэр Russia Today (RT) къызэригъэлъэгъуэ щІыкІэр. Урысейр мы Іуэхум «зэрыхэІэбам» лъабжьэ иІэу щІыхьэт техъуэ нэгъуэщІ гуэри кьахъуэгъуэтырэкъым...

ЖьгІэнщи, напэкІуэцІ 25-рэ хъу докладым щыщу напэкІуэцІи 8-р телеканалым теухуащ. Уеблэмэ, абы кьыщІагъэлъэгъуащ илъэситху зи ныбжь «урыс пропагандэр». «ПщІэ зыхуэтщІ ЦРУ! Фэ докладым тегъэщІапІэ щыбфщІа псори делагъэ дыдэщ», - ауанещІу абы теухуауэ жиІащ RT-м и редактор нэхъыщхьэ Симоньян Маргаритэ.

ЩхьэусыгъуэкІ къалъыхъуэ. Абы папщІэ сыт хуэдэ Іэмал жьгъейри къъгъэсэбэп... «Дэ къыдгуроІуэ США-м и тхьэдэм удхэм щІэщкІуа лъэхъэнэхэри зэрыхэтар икІи дощІэ ахэр нэхъ Іуэху бгъэдыхьэкІэ тэмэмхэмкІэ, зэпыщІэныгъэхэм хуэгъэзахэмкІэ зэрахъуэкІы, зэпыщІэныгъэхэм зэрыкъуэкІыр, - жиІащ УФ-м и Президентым и пресс-секретарь Песков Дмитрий докладым теухуауэ.

КОЛЕСНИЧЕНКЭ Александр.
«Аргументы и факты»

КъулыкъущІэхэм яхуэгъэзэщІакъым цІыхухэр къызэрагъэгугъар: иужьрейхэм ящыщу зыми хуэзэфІэкІакъым ильэсыщІэм ирихьэлІэу я фэтэрым щІэтІысхьэжыну.

ЕСЭНТІЫГУ къалэм Энгельс и цІэр зезыхь и уэрамым тет унэ №36-р зыщІэхьэуІум и 29-м мафІэм исащ. Абы щыпсэуэр щІыпІэ зэмылІэужьыгъуэхэм ягъэІэнхъуащ. Куэдым хэщІапІэ яхуэхъуащ «Спартак» хьэщІэщыр. Аращ Илъэсыщ1ар кьыщІагъэхьаращ.

- Тхьэм и шыкурщ дэ мыбы дызэрыщІамыдзар, - жеІэ лей зыльысасхэм ящыщ Кондрашкин Оксанэ. - Властхэм дыкъагъэгугъат ремонтыр 2016 гъэм дыгъэгъаззм и 30-м зэфІагъэкІыну. Абы и уэжьІэ дызыщІэс. хэщІапІэр дыбгынэн хуейт. Арщхьэкіэ илъэсыщІэр ныкъуэс хъуа фэтэрым кьыщибгъэхьэныр пащтыхьхуэдэр кьызэщыщыбгъэхьут. ХьэщІэщым и унафэщІым фІыщІэ худощІ дызэрыщІамыхуамкІэ, уеблэмэ псей дахэ щІыкІуи тхуигъэуващ. Ёзы къулыкъущІэхэм ягъэвуащ псори тэмэму екІуэкІыу. Арщ-Іуэхуэхэр занщІэу къаІэтыпхъэщ».

Абы къыдэкІуэу Іэщ1агъэлІхэм къыхалъхьэ Урысейм къэкІуахэм ди деж къыщалэжьа ахъшэр зэрагъэхъым налог тралъхьэну. Псалъэм и хьэтыркІэ, 2015 гъэм абыхэм ди гъунэгъу къэралхэм хуагъэхьащ доллар мелард 20-м щІигъу!

Хамэхэм зыкъыддагъэкІуным и пІэкІэ, ахэр хущІокъу езыхэм я хабзэхэр ди деж щагъэувыну

«Дуней зэІухам» и телъхьэ глобалитхэм къагъэуэ гъунапкъэ гуэри щамыгъэІэну, Іэпхъуэшапхъуэ псори зрашэлІэну, сыт хуэдэ щэнхабзэми тетыну Іэмал иратыну. Арщхьэкіэ апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІэм узыхуишэнур лъэпкъэхэр зэпэщІэувэнырщ. Пэжщ, дунейр нэхъ зэпыщІа, хьэпшыпэр нэхъ зэхуаугъэІыпщ мэхъу, ауэ абы кьиКІыркъым уи щІыналъэм, уи унэм яхуэпщІ гулъытэр кІуэдыжу, хэшыпсыхьажу. Хэбгъэзыхьмэ, хамэ щІыпІэхэм къикІахэр нэхъыбэ хъуху уи унэр хъумэн зэрыхуейм урегъэгупсыс. Уеблэмэ апхуэдэхэм къызэрагъэпэща Америкэми цІыхухэр щыхущІокъу нэгъуэщІ щэнхабзэм тетхэр зыхамыгъэхьэну.

ЯзыныкъуэкІ къэралхэр иджы къыщыщІэдзауэ мы Іуэхум ткІийуэ бгъэдохьэ. Австралием хабзэншагъэкІэ кІуа цІыхухэр апэщІыкІэ лъэхъуэщым щаІыгъщ, иужькІэ Науру е Папуа ныІтыгуэхэм (а къэралхэм Австралием и правительствэм ахъшэ Іах, хамэхэм хэщІапІэ зэрырятым къыхэкІыу) ягъэкІуэ. Абы щыгъуэми, Австралиер къэрал зэхуэщІуэ къэпплъытэ хъунукъым: абы щопсэу иджыпрей жылагъуэ зызыужьа. Ауэ ар апхуэдэуи къэнэжьыну хуейщ, аращ зэмыджа хьэщІэхэр щІимыдэрэ. Мы Іуэхум Европэм и деж1э мыхьэнэшхуэ иІэщ. Ауэ абы дерс къыхихыну Урысейм? Абы жэуап езытыныр зэманырщ.

«Аргументы и факты».

Псэупіэ

Куэд арэзыкъым

хьэкІэ дауэ зэрытэмэмыр, ремонтыр иджыри ямыухамэ?..

Къыдэзрагъэгугъа пІалъэм тхьэмахуэ зэхуэку щІыгъуауэ, щІышылэм и 5-м, мэрием щыжаІащ унэм ремонт лэжьыгъэхэр жьыдэру щекІуэкІыну. Ауэ зы фэтэрри цІыху щІэсу дгъэтакъым. Ахэр къокІуэ, йоплъри, ягъэзэж. Дауэ фІеймрэ сабэмрэ уэсэу узэрыпсэунур, «Мис уи нэкІэ уолъагъу Іуэхур зэрыщытыр, - пещэ Оксанэ. - Псори ІэхъуэгъуэтегъэкІщ».

Куэд арэзыкъым ремонтым и фІагъымкІэ, арщхьэкІэ тхьэусыхэну кьаруу яІэкъым. Языныкъуэхэр губернаторым и деж щыІащ. ЗыхуэзфІэкІым пщІэкІэ псэупІэ кьещтэ, арщхьэкІэ зыхуэзфІэмыкІэр щэ?

ЕВДОКИМОВЭ Еленэ.
«Аргументы и факты»

Нойшванштайн чэщанэ уардэр Германием и Баварие щІыналъэм и Фюссен къалэ цІыкІым пэжьыжьэкъым. Ар апхуэдизу дахэщи, туристэр зыІэпэщэ. Чэщанэр Людвиг ЕтІуанэм 1869 гъэм иригъэуху щ, мыбы къакІуэхэм Лыхъуэсэжьхэмэрэ я зэманыр ягу къигъэкІыжьын мурадкІэ. Мы уху ныгъэ тельыджэм псори зэхэту дыщэ маркэ мелуани 6-м щІигъу трагъэкІуэдащ.

Ленин саугъэтым, СССР-м, РСФСР-м я Къэрал саугъэтхэм я лауреат, КъБАССР-м и цІыхубэ усакІуэ, балъкъэр литературэм и классик

Кулиев Къайсын



Дэтхэнэ лъэпкъми и анэдэлъхубзэм и хъугъуэфЫгъуэхэр зыхъуамэр я бзэмкІэ Іуа псальэр цІыхум и гум кьинжарац. Балъкъэр лъэпкъ усыгъэм и лъабжьэр зыгъэтІылъа Кулиев Къайсын утыку къыщихьа зэманым усакІуэр ауэ псальэхэр сатыр-сатыру ззэзыгъэкІуф ІэщІагъэлІ къудейтэкъым, ар бэм я гупсэт, я чэнджэщагъут, я гъуэгугъэлъагъуэт. Тхэныр ІэщІагъэ зэрыхъурэ а къалэныр ехь цІыхубэм я гур ззэзышэлІэфа дэтхэнэ тхакІуэфІми. И пщэ дилъхьэжа Іуэхур нэгъэсауэ къызэхъулІахэм ящыщщ Кулиев Къайсын.

И гъащІэ гъуэгур

1917 гъэм щэкІуэгъуэм и 1-м Шэджэм Ипщэ къуажэм къыщалъхуащ.

1926 гъэм Шэджэм Ищхъэрэ дэт къуажэ еджапІэм щІэтІысхьащ, абы къыщІэкІа нэужь Налшык дэт педтехникумыр кІиуащ.

1933 гъэм и ялэ усэхэр къытрадзэн щІадзащ.

1935 - 1939 гъэхэм ГИТИС-мрэ Литературнэ институтымрэ Москва къыщыхуащ, къыщалъхуа щІынальэм къигъэзэжри, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал пединститутым егъэджакІуэу щылэжащ.

1938 гъэм СССР-м и ТхакІуэхэм я союзым хагъэхьащ.

1940 гъэм и ялэ усэ тхылъхэр Налшык балъкъэрыбзэкІэ къыщыдокІ. 1941 гъэм и мэкъуаугъуэм Хэку зауэшхэм макІуэ.

1942 гъэм, Фадеев А. А. иригъэблагъэри, усакІуэхэм я пшыхь Москва щекІуэкІам хэтащ.

1946 - 1956 гъэхэм Кулиевыр илъэсипшІкІэ щыпсэуащ Къыргызыстан - Фрунзе къалэм, республикэм и литературэ гъащІэм жыджэру хэту, ауэ и усэхэр тридзэну хуимыту.

1956 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым къигъэзэжащ, литературэ курс нэхъыщхьэхэр Москва къыщиухащ.

1970 гъэм томитІ хъуу и усэ тхылъхэр къыдэкІащ.

1975 гъэм публицистикэ тхыгъэхэр щызэхуэхьэса тхылъ къыдигъэкІащ.

1985 гъэм мэкъуаугъуэм и 4-м Шэджэм къалэм дунейм щекІужащ.

1987 гъэм и тхыгъэхэр тхылъищу къыдагъэкІыжащ.

Саугъэтхэмрэ цІэ лъапІэхэмрэ

- Лениным и орденыр
- Бэракъ Плъыжь орденитІ
- Октябрь Революцэм и орден
- Хэку зауэ орденитІ
- Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ усакІуэ
- РСФСР-м и Къэрал саугъэт
- СССР-м и Къэрал саугъэт
- Лениным и саугъэт *(дунейм ехьжауэ)*
- Армением щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ.

Пастернак Борис Кулиев Къайсын хуитхахэм ящыщщ

Нэхурэ лъэщу пхэлъым дзыхь хуэщІ

УИ ГУР умыгъэкІуэд, зыІыгъ. ХэкІыпІэр Іэмал имыІэу къыкъуэкІынущ, уеблэмэ сэ езым си гугъащ ар нэхъ пасэу къэсыну. Сэри си гъащІэм зэхъуэкІынигъэ хэткъым, си зэманыр къэсакъым, сымыпІэ щІыкІэ къэсынуи пІэрэ ар?

Куэд щІауэ бжеСащ фЫы дыдэу уэзэрыслъагъури щэч къыззэрыптезмыхьэри. Ар иджыри зыхъзощІэ. Псоми уи гугъу яхузощІ. Есениным и ужькІэ Павел Васильевич фІэкІа зыми дэслъагъуакъым уэ пхуэдэу зэрыубыдауэ, нэщІысауэ, Іэхум къыззрыхуалъхуам и нэпкъыжьэ зытет.

Уэ куэд щІауэ урысыбзэкІэ утхэ къыщІэкІынщ икІи утхэфынущ, анэдэлъхубзэкІэ уэзэрытхэм хуэдэ дыдэу е нэхъыфІыжу. Уи Іэдакъэщ Іэкіэм я къабзагъыр, къарур, уэзэрифІэщІыр зэбдзэкІыу къыскъуебгъэхьа подстрочникэм къыпхыкІырт. Абы къегъэльагъуэ уи сатырхэм я дахагъэр ауэ сытми лъэпкъым и кІэлІуэтэкІэ мыхъуу, абыхэм ящхьэпрыкІыу псальэм и куугъэ зыкъызыхьм зэрепхэр.

Лъэпкъ литературэхэм щхьэкІэ сызэгупсысращ. Гу зылъыуагъатэу, зэбдзэкІыну гукъыдэж къуатын щхьэкІэ, ахэр Хайам Умар е Рабиндранат Тагор сымэ хуэдэу щІэщыгъуэрэ купщІафІэу щытын хуейщ. А усакІуэхэм дунейпсо усыгъэр хуэныкъуэт, ахэр хэмытами абы зыгъэр хуэчэму щытынт. Рабиндранат Тагор ешым фІы дыдэу инджылызыбзэр зэрищІэм хуэдэу, и усэхэр адрейхэм зэрадзэкІыну хуит ищырт. Иужьрей зэманым инджылызкэм нэхъ романистыфІу къаухэкІа Конрад Джозеф хуеямэ, итхэр и Хэкум и бзэкІэ, польскэбзэкІэ, къИуэтэфынут, ар иджыри фІыуэ ищІэжырт. Ауэ абы и гъащІэ псор инджылызэ морякыу ихьащ, и балигъ гъащІэр а бзэм епхауэ къыкфІэщІырт абы. Германием и усакІуэфІ дыдэ Рильке, иджы Европэм и усакІуэ нэхъ ин дыдэу ябжьм, щІыпІэ куэд къыззхикІухьырт, Урысейр фІы дыдэу ильагъурт, Скандинавиери ильэгъуат, Франджы усакІуэхэр игъэнывжьэгъурт, Роден скульпторым и секретару щытащ, Париж куэдрэ дэсащ. Дунейм ехьжьхи ипэкІэ къыдигъэкІа тхылъыр абы франджыбзэкІэ итхащ. НэмыцэбзэкІэ хужьІэну псори жиІауэ ясыфІэщІ къыщІэкІынт абы, здыблэкІам игъэ-зэжьфынутэкъым, франджыбзэм аргуэру усакІуэ ныбжьыщІэ щыхъужьыфынт.

Мы Іуэхум теухауэ апхуэдизу щІыпхуэстхыр куэдым ямыцІыку бзэмкІэ щІыхушхуэ гуэрым къигъэщІ тхыгъэмрэ политикэр и щхьэусыгъуэу Іэрыщу зэпкрагъэувА, Іэрыщу зыграгъэужь лъэпкъ литературэхэмрэ (уеблэмэ къызыфІагъэщІа дыдэхэри яхэту) - шурэ лъэсрэ я зэхуакущ жызоІэри аращ. Ялрэ - гъащІэм и къэхукъащІэ пэжщ, гугъу ехьурэ гуваущІхами езым и теплъэ къигъэтыжыфынУ. Адрейр - къаруКІэ къыззрагъэпэща гуэрщ, ипэм дежи купщІэнщэрэ лъабжьэнщэу, итІанэ, лъэщыгъэкІэ къагъэщІа псоми хуэдэу, гуузу лъэпэрэпэжьнуэм ящыщу. Къайсын, нэхурэ лъэщу пхэлъым дзыхь хуэщІ, нэхъ жьыжь Іэбэ, гъуэгу зэхуакуэхэмрэ гугъуехьхэмрэ уащымышынэ, кьекІуэкІ хабзэхэм зыдумыгъэхьэк, сыт хуэдизу шэч къызытумыхьэжьыну фэ ятемытми.

МазитІ-щы дэкІмэ, «Фауст»-р зэрыщыту къыдэкІынущ. Ныпхуезгъэхьынщ, укъеджэну сыхуейт псоми. Зэшыгъуэрэ кІэльэфу хэт напэкІуэцІ зыжьанэр хэбдзмэ, мыр тхыгъэ гъуэзэджащ. Абы усыгъэм щиІыгъ увыпІэр зыми хэгъуэщэнкъым. ЗыльэІэсыфаракъым зи гугъу сщІыр, абы хэпъ усыгъэ къарум хуэдэ щыІэхэкъым. Абы и мафІэмкІэ Гёте философиер зыльэмыІэс ди псэукІэм и къуэгъэнапІэкэр къигъэнэхуну хуеящ. СыкъыцІэлащ абыкІэ, ауэ а къарур гуузу зэрыкІуэдыжыр къэгъэльэгъуэным зытезгъэщІэлъа си гугъащ. Мыр си тхэкІэми ди литературэми зэи хэмылъэ тхэкІащ, нэхъ пасэу зэрадзэкІа «Фауст»-хэм ар къаухэщу щытакъым. КуэдІей бжесІэну сыхуеят, Кьайсын, нобэ, ауэ зэхэтхъуауэ фІэ-кІа ныпхуэстхыфакъым, етІуанэ гъуэгуи къысхутегъэзэнутэкъым...

ЩыщхьэуІуи и 10, 1953 гъэ.

Зэчийр телъыджэ зыщІыр

СИ ПСЭМ хуэдэу Кьайсын!

МафІэ зыхэлъ уи письмом папщІэ берычэт бесын бжьзоІэ. Сэри укъыззрысхуущытым хуэдэ дыдэу сыпхущытыжщ. Уэ птеуауауэ гупсысэ гуэрхэр сиІэщ иджыпсту дыди бжесІэфыну, е сигу кьинэжьын папщІэ схуэтхыну, ахэр иджыпсту зэман симыІэми сщыгъупщэжьнукъым. Е мис псальэтІ-щыкІэ. Уэ сыт хуэдэ щытыкІэми, гуауэ нэгъунэ, насыпыфІэу щытыну ухыгъам къигъэщІа закъуэтІакъуэхэм ящыщщ. Апхуэдэ цыхум пасэу е дунейм къыщытехьэкІэ зыгуэр къыІэрохьэ - щэныфІагъыу, псэм и къулеягъыу е Іэпкъльэпкъ къарууэ. ИтІанэ езым хэль и хьэлхэмкІэ (аракъэ фІыр - уи щхьэр сытым дежи уогъуэтыжь) шэч къытримыхьэжу и фІэщ мэхъу дунейм нэгъасауэ, гуитІщхьитІ уимыщІу, пэжу тет псори зэрыфІыр икІи и гъащІэ псор езыр нэхъыфІ зэрыхъуным треухуэ. Зэчий къыбдалъхуар, дауи, куэд пхуэзфІэкІыну текІуэныгъэм ухуэзышэ гъуэгущІ. Ауэ аракъым зэчийр. телъыджэ зыщІыр. Цыхум къыдалъхуа Іэзагъыр мы дунейм и сабий сурэтщ, дыцІыкІуу ди гум къралъхьауэ. Ар дерсылъэщ дунейр и кІэлцІыкІэ, нэхъ къызэзригъэуІэбжь лъэныкъуэмкІэ бджыну утригъэгушхуэу. Къыбдалъхуам хахуагъми урегъасэ, сыт щхьэкІэ жьыпІэмэ, абы къызэІуех псоми ди зэхуэдэ псэуныгъэ хьэлъэм псысэм хуэдэу телъыджэу напэм къыхихьэр. Зыгуэрым хуэІэзэ цІыхум ещІэ гъащІэр нэхум щыхэтым куэд зэрыхуэзфІэкІымрэ абы кІыфІыгъэм кІэриным и инагъымрэ. Езым и гукъыдэжкІэ, ар щыщъэмыгъазэу пэжым хущІокъу. ГъащІэм къуит а кІэнир насыпынщагъэуи щытынкІи хъунущ, ауэ аракъым мыхьэнэ зиІэр. Уэ пшынэ Іэпэфым, щабэшэ щэщам и къарур пхэлъщ, ар ехъулІэгъуэщ. Арат бжесІэну сызыхуейр...

Щэкіуэгъуэм и 25, 1948 гъэ.

Фронт газетым и корреспондент Кулиев Къайсын и интервью
1944 гъэ

Щоджэн Іэдэмэрэ Къайсынрэ.
1973 гъэ

ЕхъулІэныгъэкІэ пхегъэкІ

● Щэныгъэ

Бэрбэч Хьэтіутіэ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым иджыблагъэ щызэхэтащ еджапІэ нэхъыщхьэм и диссертацэ советым и зэІущІэ. Абы и утыку ирахьа кандидат диссертацэ купщІафІэр теухуат изопрен эластомерхэм я морфологие, макроскопие щытыкІэхэм. Къэхутэныгъэ хьэлэмэтым ехьэлІа щІэныгъэ лэжьыгъэр зи къалэмпэм къыпыкІар Йемен Республикэм щыщ, КъБКъУ-м и физикэ факультетым и аспирант Аль Хауляни Ясер Файсал Мухьэмэдщ. Лэжьыгъэр щигъэзащІэм Мухьэмэд щІэныгъэ унафэщІу иІар техникэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор Къарэмырзэ Барэсбийщ.

ЩІэныгъэ лэжьыгъэр купщІафІэу икІи нэсу гъэзэщІа хъуауэ къыщалъытащ диссертацэ советым. Ар Аль Хауляни Ясер Файсал Мухьэмэд ехьулІэныгъэкІэ пхигъэкІащ икІи советым и унафэкІэ абы фІащащ физико-математикэ щІэныгъэхэм я кандидат цІэр.

Мухьэмэд Йемен Республикэм къикІауэ ди щІынаръмэ щІэныгъэрэ Іэщ1агъэ щызэзэгъэгъуэт щІалэгъуалэм ящыщщ. 2011 гъэм абы къиухащ КъБКъУ-м и физикэ факультетым и магистратурэр. 2011 - 2014 гъэхэм и щІэныгъэм щыхигъэхъуащ университетым и аспирантурэм. ЩІалэщІэм ипэкІэ иригъэкІуэкІа къэхутэныгъэхэр епхауэ щытащ полимернэ пкъыгъуэхэм, ахэр промышленностым нэхъ зыщІауэ къызэрыщыгъэсэбэпыпхъэм. Апхуэдэ лэжьыгъэу Мухьэмэд и къалэмпэм къыпыкІащ 13. Абыхэм ящыщу 3-р курыт радзащ щІэныгъэ журнал цІэрыІуэхэм. А псори и лъабжьэу абы игъэхьэзыращ и диссертацэр.

- Аль Хауляни Ясер Файсал Мухьэмэд ди пащхьэ къырилъхьа икІи ехъулІэныгъэкІэ пхигъэкІа и щІэныгъэ лэжьыгъэр экономикэр зыхузныкъуэщ. КъинэмыщІауэ, мы Іуэхум хэлъ хьэлэмэтагъэхэм ящыщщ дисертантыр хамэ къэрал зэрыщыщыр. Урысыбзэр зэримыщІэм къыхэкІыу щІалэр лъэпощхьэпо хуэзами, апхуэдэ гугъуехьхэм ар къапикІуэтакъым икІи зэман кІэщІым къриубыдэу ахэр Іэщ1ыб ищІыфащ, - жиІащ Къарэмырзэм. - Мухьэмэд ерыщагъэр шыІэныгъэрэ хэлъу иригъэкІуэкІащ къэхутэныгъэ гъэщІэгъуэнхэр, абыхэм пылъ жэуаплныгъэри нэсу зыхищІэу. ЩІалэм хуэфащэ дыдэщ щІэныгъэхэм я кандидат цІэ лъагэр.

СОЛГАЛОВЭ Наталье,
КъБКъУ-м и пресс-Іэнатіэм и лэжьакІуэ.

Киноклуб къызэІуах

● Щэнхабзэ

Налшык дэт Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапІэм иджыблагъэ къыщызэІуахащ кино фІыуэ зылъагъуэхэм я клуб. А Іуэхур къыхилъхьащ режиссёр щІалэ Хьэмокъуэ Олег, Абы и жэрдэмыр даІыгъащ КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэмрэ «Южный полюс» фондымрэ.

КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр **Къумахуэ Мухьадин**, УФ-ми КъБР-ми щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ, КъБР-м и Кинематографистхэм я зэгухьэныгъэм, республикэм Щэнхабзэмкіэ и фондым, «Налшык-НОТР» телекомпаниием я унафэщІ **Вэрокъуэ Владимир**, Щоджэнцыкіу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и художественнэ сымэ жаІащ. ЩІалэгъуалэм яхуэщхьэпэн Іуэку дахэ къызэрыхалъхьар, киногъуазджэмрэ щэнхабзэмрэ нэхъ гъунэгъуу зыхагъэгъуэзэнымкІэ ар зэрыІэмалыфІыр, киноклубым сыткІи дэІэпыкъуну зэрыхьэзырыр, щІэупщІэ зиІэ иджыпрей кинохэр утыку къраухьэну, абы зиужьыну, цІыху кІуапІэ хъуну зэрагуапэр.

Хъумахуэ Мухьэдинрэ Вэрокъуэ Владимиррэ жаІам щІагъэжащ зи узынщагъэм къимыхьэжьам яхуэщІа кинотеатр мы гъэм Налшык къызэрыщызэІуахынур, «Победа» кинотеатрми и лэжьыгъэр зэрызэтраублэжьынур.

Хьэмокъуэ Олег утыку кърахьа фильмхэр зытеухуам кІэщІу къытеувыІащ икІи къызэхуэсахэм я упщІэхэм жэуап иритащ. Абы и гуапэу жиІащ маззм зэ фильмхэр къызэрагъэпэгъэнур икІи псори киноклубым пщІэншэу иригъэблагъащ. Апхуэдэу щІалэгъуалэм захуигъэзащ я лэжьыгъэр зэраубзыхунум теухуа я Іуэку епГлъыкІэхэмкІэ къыдэгъэзэжу.

Пшыхьым щагъэпэгъуащ дунейпсо кинофестивалхэм саугъэт къыщызыхьа фильм кІэщІ зыбжанэ. Апхуэдэхэщ «Возвращение Эркина» *(режиссёрыр Гуськовэ Мариещ, Урысей, 2015 гъэ)*, «Чаша» *(режиссёрыр Музафар Мухидджиншь, Таджикистан, 2015 гъэ)*, «Качели гробовщика» *(режиссёрыр Иманов Эльмарщ, Германие - Азербайджан, 2012 гъэ)*, «Два соседа» *(режиссёрыр Тансуппан Бурякаевщ, Башкирие, 2015 гъэ)* фильмхэр.

БЖЬЫХЬЭПІ Роэзэ.
Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Мэкъуауэ Залым «Локомотив»-м къыщыкІэлъоплъ

● Футбол

Урысей Федерацэм футболымкІэ и премьер-лигэм щыдыдзэгъ адыгэ щІалэхэм иджыри зы мыгувэу къахэхъуэфынущ - Мэзкуу и «Локомотив»-м къыщыкІэлъыплъыну ирагъэблагъащ «Спартак-Налшык» и гъуащхьэхъуэмэ Мэкъуауэ Залым.

КУЭД щІакъым Мэзкуу и «Локомотив»-р адыгэ нэхъыбэ дыдэ зыхэта премьер-лигэм и команду зэрыщытрэ. Илъэс зэмылІэужьыгъуэхэм абы щыджэгуащ гуащхьауэ Ещтрэч Владимир, гуащхьэтетхэу Хьэпэ Заур, Биджий Хьэсэнбий, гуащхьэхъуэмэ Джатэгъэжь Инал, гуащхьэхъуэмэныкъуэ Бырхьэм Къантемыр сымэ, нэгъуэщІхэри. ИужькІэ, 2000 гъэхэм я пэщІэдзэм, ди щІалэхэр командэм и унафэщІу зэгъусэу щытащ: Ещтрэчыр тренер нэхъыщхьэу, Биджийр спорт директору, Хьэпэм гуащхьэтетхэр игъасэу. Ди лъахэгъуэхэр «Локомотив»-м хэту къэралым и чемпион хъуащ, медаль зэмылІэужьыгъуэхэр къахьащ, Европэм и стадион куэдым зыкъыщагъэлъэгъуащ. Командэ щІэрыІуэм къыщыкІэлъыплъыну иджы ирагъэблагъа Мэкъуауэ Залым зэфІэкІ льагэ зэриІэм шэч хэлъкъым. Абы футболым зыщыхуигъэсэри джэгун щыщІидзари «Спартак-Налшыкращ». 2013 гъэм щыщІэдзауэ ялэ, етІуанэ дивизионхэм щыІа зэІущІэ 54-м хэтащ (я хьэрхуэрэгъуэм зы топ яхуэдигъэкІащ), Урысей Федерацэм и кубокым папщІэ екІуэкІа зэхьэзэхуэхэм 3 зыкъыщигъэлъэгъуащ.

«Локомотив»-м мы гъэм и ялэ зыгъэсэгъуэр Испанием щрегъэкІуэкІ. Мэзкудэсхэм ядэщІыгъуу ежьа Мэкъуауэ Залым льэкІ кьигъэнэнукъым тренерхэм ягу ирихьын папщІэ. АбыкІэ сэбэп къызэрыхуэхьунум щэч хэлъкъым а командэм и гуащхьэтетхэр игъэсэну мазэ зыбжанэ ипэкІэ аргуэру «Локомотив»-м ирагъэблагъэжа Хьэпэ Заур.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьакІуэхэмрэ КъБР-м и Парламентым и лэжьыгъэр зэтеухуэнымкІэ икІи финансхэр къызэрэпэщынымкІэ и управленэм и консультант **Блэнауэ Залинэ Мухьэдин и пхъум** хуогузавэ абы и анэ **Блэнауэ Екатеринэ Хьэжысмел и пхъур** зэрыІлам къыхэкІыу.

РОТ ФРОНТ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и коммунистхэм гущІыхьэ ящыхъуащ я унафэщІу щыта **Крюков Василий Иван и къуэмрэ** абы и цхьэгъуэ **Гъубжокъуэ Светланэ Фёдор и пхъумрэ** дунейм зэрехьэжар икІи абыхэм я Іыхьлыхэмрэ я благъэхэмрэ яхуогузавэ.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жьэкіэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Щирдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщІэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ Иэз.**

Езыгъэтхэхэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэныкъуэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемрэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер ІэнатІэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытахэм нэсу жэуап ахь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епГлыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынырэ пщэ дэлъыр КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм. Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъуэмыкІ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарь **Къаншокъуэ Эллэ**, *редактору* **Къэжыкъарэ Алик,** *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 2-нэ нат.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нат.), корректорхэм я дзІэпыкъуэгу* **Нэужьокъуэ Заирэ.** *КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.670 ● Заказ №20